

Шынагъуэншэу, гъэщIэгъуэну

2-нэ нап.



Исмэхьил и ехъулIэныгъэ

2-нэ нап.



Анэдэлъхубзэм и IэфIыр

3-нэ нап.



ГъащIэм и пэщIэдзэм

3-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№76 (24.358) • 2022 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 29, бэрэжьей • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

«ЦIыкIураш»



4-нэ нап.

# Зэуэ псоми дапэмылъэщми...

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ яхуэзащ федеральнэ, щIыналъэ, муниципальнэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я журналистхэм. ЗэIущIэм къыщаIэтащ республикэм и экономикэм зиужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэр - инвестицэм, туризмэм, мэкъумэш IэнатIэм, промышленностым ятеухуа, апхуэдэуи социальнэ унэтIыныгъэм къызэщIиубыдэ упщIэхэр.**



- Ди иужьрей зэхуэзэр илъэс никъуэ ипэкIэ екIуэкIащ, зэрыдубзыхуам тету – илъэсым тIэу - дызэIущIэну жытIащи, нобэрейр ди зи чэзу зэхыхьэщ, - къызэIуихащ пресс-конференцыр республикэм и унафэщIым. - Ди псалъэмакъыр къыщIэздзэну сыхуейт фи лэжьыгъэм гукIи псэкIи фызэрыбгъэдэтым папщIэ фIыщIэ фхуэсщIу. Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщыну сыхуейт коронавирус узыфэ зэрыцIалэм республикэм зыщиубгъум цIыхухэри медицинэ лэжьакIуэхэри дэIыгъыным фи гуащIэ зэрыхэфлъхьар. Фэ къэвгъэлъэгъуащ жэщ-махуэ ямыIэу щытыкIэ хьэлъэм иту зи IэнатIэр езыхьэкI дохутырхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэр, апхуэдэуи узыфэ зэрыцIалэ шынагъуэм теухуауэ щIыналъэм щекIуэкIым и пэжыпIэм цIыхухэр щывгъэгъуэзащ. Пэжыр жыфIэу, захуагъэр япэ ивгъэщу, фи лэжьыгъэр къызэгъэпэщауэ щытщи, ноби, екIуэкI Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм тещIыхьауэ къэралыр зэрыт щытыкIэ гугъум емылъытауэ, фи къалэнхэм фазэрыпэлъэщыным шэч къытесхьэркъым.

Журналистхэм я япэ упщIэр теухуат Санкт-Петербург щекIуэкIа XXV Дунейпсо экономикэ форумым кърикIуам. КIуэкIуэ Казбек жиIащ хамэ къэралхэм къикIа лIыкIуэхэр зэрыхэтар, проект куэд утыку къызэрыщрахьар, а зэхыхьэм республикэм дежкIэ щхьэпагъышхуэ зэриIар, абы ипкъ иткIэ щIыналъэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэр къызэрыщрагъэжьэнур. Апхуэдэу зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм тету Бахъсэн Ипщэ гидроэлектростанц мыин щаухуэнущ. УФ-м и Правительствэм и нэIэм щIэту лажьэ Аналитикэ центрымрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа дэфтэрым Iэ щыщIадзащ. Абыхэм я зэпыщIэныгъэр хуэунэтIауэ щытынущ лъэпкъ проектхэр, федеральнэ, щIыналъэ программэхэр республикэм ехъулIэныгъэкIэ щыгъэзэщIэным, щIыналъэм инвесторхэр къешэлIэным, къапщтэмэ, экономикэм лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызрагъэужьыным. Форумым къыщаIэта Iуэхухэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым турист IэнатIэмкIи лэжьыгъэшхуэ зэрыщрагъэкIуэкIынур.

- Нэхъ Iуэхугъуэшхуэу щытхэрщ къыхэзгъэщар, къапщтэмэ, проект зыбжанэкIэ зэгурыIуэныгъэхэр IуэхущIапIэхэм етщIылIащ. Ахэр псори хуэунэтIауэ щытынущ республикэм и социально-экономикэ щытыкIэр ефIэкIуэным, - жиIащ щIыналъэм и Iэтащхьэм.

Инвестицэ проектхэр къызэрыхахым, абы и лъэныкъуэкIэ къэкIуэнум зызрапщытыну Iуэхугъуэхэр зыхуэдэм и гугъу щищIым, КIуэкIуэ Казбек жиIащ апхуэдэ жэрдэмхэр къызыбгъэдэкIыр Къэбэрдей-Балъкъэрым пыщIэныгъэ хуиIэу щытмэ нэхъ къызэращтэр.

- Дызыдэлэжьэну инвесторыр республикэм щыщмэ, нэхъ къыдощтэ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр къемызэгъыщэу щытынкIи мэхъу, ауэ щIыналъэм щыщ хьэрычэтыщIэхэм нэхъыбэу сащогугъ икIи зытезгъащIэр ахэращ. Зэман гъунэгъум къриубыдэу республикэм и хэхъуэм хуэлэжьэну инвестор проект зыбжанэ дгъэзэщIэнущ. Апхуэдэу «Къэббалъкъгипс» заводым и лэжьыгъэм щIидзэжынущ. Iуэхугъуэфiу къызолъытэ илъэс куэд лъандэрэ къызэтеувыIауэ щыт макарон фабрикэри зэрырагъэжьэжынур. Абы зы жэщ-махуэм продукцэу тонн 80 - 90 къыщIигъэкIыфынущ. Гуэдз щахьэж, гъавэ зэмылIэужьыгъуэхэм щелэжь производствэ лъэщхэр мыгувэу дутIыпщынущ, - жиIащ щIыналъэм и Iэтащхьэм.

Апхуэдэу къыхигъэщащ промышленность псынщIэми республикэм зэрызыщиужьыр. IэнатIэ щхьэхуэхэм пэрытхэм папщIэ лэжьакIуэ щыгъынхэр щад «Авангард» фабрикэм и къудамэхэр Бахъсэн, Шэрэдж районхэм къыщызэIуахынущ. Ар сэбэпышхуэ хъунущ цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ. Псалъэмакъым къызэрыхэщамкIэ, а унэтIыныгъэмкIэ хьэрычэтыщIэ Iуэху мащIэхэми мыIейуэ заужь.

- Къэралым щыщыIэ щытыкIэ гугъур къэплъытэмэ, иужьрей илъэс ныкъуэм щIыналъэм и тхыдэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэр къэхъуауэ схужыIэнукъым, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. – Ауэ экономикэ и лъэныкъуэкIэ зыужьыныгъэ хъарзынэхэр зэдгъэхъулIащ. Санкцэхэм я зэранкIэ шынагъуэ гуэрхэр щыIами, инвестор проектхэр зэпыуакъым, хьэрычэтыщIэ Iуэху мащIэмрэ курытымрэ нэхъ хилъэфэну къытщыхъуами, абыхэми я лъабжьэр къэтIэсхъакъым.

ЩIыналъэм и турист IэнатIэр гулъытэ нэхъыбэ зыхуащIхэм ящыщщ. Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ «Чегет» зыгъэпсэхупIэм зэрызрагъэужьынум, къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым дяпэ илъэситху хуэдэкIэ туризмэр зэрыщрагъэфIэкIуэнум теухуа упщIэхэр къыщаIэтащ пресс-конференцым. ЩIыналъэ унафэщIым къыхигъэщащ «Чегет» теухуауэ плъапIэшхуэхэр зэраIэр, курортыр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ зэфIэгъэкIыпхъэхэр зэраубзыхуар.

- Туристхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр фIагъ лъагэ яIэу щытын хуейщ, инфраструктурэм Iэмал имыIэу зегъэужьыпхъэщ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. – Зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм къалащхьэм цIыхушхуэ къокIуалIэ, абы къыхэкIыу ар нэхъ дахэж, щIэращIэ зэрытщIынум дыхущIэкъупхъэщ.

«Гидрометаллург» АО-р къалэм и экологие щытыкIэм зэран зэрыхуэхъум къыхэкIыу зэхуэщIыжыным е къалащхьэм дэхыным теухуа псалъэмакъыр республикэм и цIыхухэм куэдрэ кърахьэжьэ. А упщIэри иратащ КъБР-м и Iэтащхьэм. КIуэкIуэ Казбек зэрыжиIамкIэ, а Iуэхум куэд мыщIэу унафэ тращIыхьынущ, заводыр зэхуащIынущ. Республикэм и экономикэм хэхъуэшхуэ къызэрыхуимыхьыр къэплъытэмэ, цIыхухэм я узыншагъэми, щIыуэпсми зэран хуэхъу IуэхущIапIэм къэкIуэн иIэкъым, абы и лэжьакIуэхэри IэнатIэншэу къагъэнэнукъым.

Журналистхэм къыхагъэщащ иужьрей илъэсхэм гъуэгу ухуэныгъэм республикэм мыхьэнэшхуэ зэрыщратыр икIи щIэупщIащ абы и лъэныкъуэкIэ адэкIэ зыфIагъэкIыну я мурадхэм.

- Ди республикэм сытым дежи гъуэгу хъарзынэхэр иIащ, гъуэгу хозяйствэмкIэ IэнатIэм хуэфэщэн гулъытэ абы зэрыхуищIым къыхэкIыу, - жиIащ щIыналъэм и Iэтащхьэм. – «ФIагъ лъагэ зиIэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» федеральнэ проектымкIэ щIыналъэм лэжьыгъэшхуэхэр щокIуэкI. Налшык къалэ сыкъытеувыIэнщи, Головком и цIэр зезыхьэ уэрамыр фокIадэм и 2-м ирихьэлIэу сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэгъэзауэ щытынущ, лъэс гъуэгухэр зэгъэпэщыжауэ, уэрамыбгъум Iут жыгхэр ухъунщIауэ, и кIыхьагъкIэ уэздыгъэхэр фIэлъу. КъищынэмыщIауэ, 2023 - 2024 гъэхэм 2-нэ Тамань дивизэм, Щоджэным и цIэр зезыхьэ уэрамхэм гъуэгу ухуэныгъэшхуэхэр щызэфIэдгъэкIынущ.

Пресс-конференцым къыщаIэтащ мы гъэм 9-нэ, 11-нэ классхэр къэзыуххэм ОГЭ, ЕГЭ-хэр щатым нэгъуэщI къалэхэм къикIа кIэлъыплъакIуэхэм къемызэгъ щытыкIэхэр сабийхэм паубыду къекIуэкIа Iуэхугъуэхэр.

- Абы и лъэныкъуэкIэ видеокIэлъыплъыныгъэхэр щыIэщи, Iуэхур къызэрекIуэкIар псори зэхэдгъэкIынущ, – жиIащ республикэм и Iэтащхьэм. – Сабийхэр экзаменым щыщIыхьэкIэ зэрыщIаплъыкIым теухуауэ хабзэр къызэпаудамэ, жэуапым етшэлIэнущ. А Iуэхур си нэIэм щIэзгъэтынщ. Мыдрейуэ, экзаменхэр зэратым и гугъу пщIымэ, мы илъэсым нэхъ зэпIэзэрыту щытащ, адэкIи Iуэхур нэхъыфI хъууэрэ кIуэну догугъэ.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и гугъу щащIым, КIуэкIуэ Казбек жиIащ а унэтIыныгъэм хъарзынэу зэрызиуужьыр, иужьрей илъэситIым медицинэм и лэжьакIуэхэм жэуаплыныгъэ ин къагъэлъагъуэу лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIагъэкIар.

- Лъэпкъ проектхэм, «ЦIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр щыхуащIэ IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжын» программэмкIэ иужьрей илъэсхэм IэнатIэм зыужьыныгъэшхуэхэр щекIуэкIащ. Зэуэ псоми дыпэлъэщынукъым, Iыхьэ-Iыхьэу зэпыудауэ дэтхэнэ унэтIыныгъэми дынэсынущ. Пэрыт къалэну къытпэщытыр сыт жыпIэмэ, медицинэм и лэжьакIуэхэм я улахуэр хэгъэхъуэнырщ, льготэ зиIэ цIыхухэр зэпыу имыIэу хущхъуэкIэ къызэгъэпэщынырщ, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

Журналистхэр щIэупщIащ КIуэкIуэ Казбек Донбассым щыщыIам ар къызэрыщыхъуар жрагъэIэжыну.

- ЩIыналъэм ис цIыхухэр гуапэщ, дахэщ, гулъытэ зыхэлъхэщ, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм. – ЩытыкIэ гугъу къихутами, цIыхугъэр яфIэкIуэдакъым. Хэку зауэшхуэм и музейр зэдгъэлъэгъуащ, щIыналъэм и унафэщIхэм депсэлъащ зэрытхузэфIэкIкIэ щIэгъэкъуэн дазэрыхуэхъуным теухуауэ. Я сабийхэр зыгъэпсэхуакIуэ къэдгъэкIуэнущ, социальнэ объект щхьэхуэхэр зэфIэгъэувэжынымкIэ дэIэпыкъуэгъу дахуэхъунущ, егъэджэныгъэ IуэхухэмкIи зэгурыIуэныгъэ зэтщIылIащ. Я Iуэху зэтеувэжыху, ди къару къихькIэ защIэдгъэкъуэнущ.

Зыпэрыт IэнатIэм зэманышхуэ зэрытригъэкIуадэр, щэбэт, тхьэмахуэ махуэхэми лажьэу зэралъагъур къыхагъэщри, республикэм и унафэщIым зэрызигъэпсэху щIыкIэмрэ Iуэхум зэрыпэлъэщын къару къызыхихымкIэ еупщIащ.

- Пэжыр жысIэнщи, илъэсиплIым къриубыдэу махуи 10 зызгъэпсэхуауэ аращ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. – ЦIыхухэм сахуэзэу сызэрепсэлъылIэр си дежкIэ зыгъэпсэхугъуэщ. Республикэм хуэщхьэпэн Iуэху зэрызлэжьыр сэ къыстехьэлъэркъым, абы къыхэкIыуи сызыпэрыт Iуэхум сригъэшу схужыIэнукъым. СфIэфIщ сыкъыщыхъуа къуажэжьым сыкIуэжыну, бгым сыдэкIыну, ди щIыналъэм и щIыпIэ дахэхэр зэзгъэлъагъуну. Абыхэм нэхъ зыгъэпсэхупIэфI сыхуейкъым. Си лъэпкъым, нэхъыжьхэм яхузиIэ лъагъуныгъэрщ къару къызэзытыр, зыужьыныгъэ Iуэхушхуэхэм сытезыгъэгушхуэр.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# Къэрал гулъытэ егъуэт

**2022 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм илъэс 90 ирикъунущ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэрызэрагъэпэщрэ. КъБКъУ-м и махуэшхуэр Iэтауэ республикэм щыгъэлъэпIэным къэрал гулъытэ щегъуэт ди щIыналъэм. КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий Iэ тридзащ юбилейм епха Iуэхугъуэ псори къызыхуэтыншэу зэфIэгъэкIыным теухуа унафэ щхьэхуэм.**




ЖЫЛАГЪУЭМ мыхьэнэшхуэ щызиIэ а Iуэхугъуэм къыхузэрагъэпэщащ комитет щхьэхуэ, университетым и махуэшхуэр гъэлъэпIэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр, планхэр иубзыхуну, ахэр тэрэзу зэфIихыну и къалэну. Гупым и пашэщ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат. Абы и дэIэпыкъуэгъущ КъБКъУ-м и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Альтуд Юрэ. Апхуэдэу комитетым хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI Дзэмыхь Къасболэт, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Мысост Екатеринэ, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и ректор Рахаев Анатолэ сымэ.

Комитетым зэхигъэувакIэщ КъБКъУ-м и юбилейр ди щIыналъэм зэрыщагъэлъэпIэнум и план, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къызэщIиубыдэу. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, еджапIэ нэхъыщхьэм, абы и къудамэхэм щIэныгъэ зэхуэсхэр, конференцхэр, «бжэ зэIухахэм» я махуэхэр къыщызэгъэпэщыныр, щэнхабзэ пшыхьхэр, зэхуэзэ хьэлэмэтхэр щIыналъэм щегъэкIуэкIыныр. Махуэшхуэм ехьэлIа хъыбархэр, университетым и тхыдэмрэ абы и нобэрей гъащIэмрэ къызыхэщ, и лэжьакIуэхэм, студентхэм ятеухуа тхыгъэхэр Интернетым, КъБКъУ-м и сайтым, республикэм и хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я IэмалхэмкIэ жылагъуэм хэIущIыIу щыщIынми гулъытэшхуэ иIэщ.

Ар и тегъэщIапIэу, «Адыгэ псалъэ» газетми къызэIуех «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 90 ирокъу» рубрикэщIэр. Абы щIэту ди газетым и напэкIуэцIхэм, япэми хуэдэу, щыгъуазэ фыхуэтщIынущ ди республикэм и япэ еджапIэ нэхъыщхьэм и блэкIамрэ и нобэмрэ ятеухуа хъыбархэм, очеркхэм, интервьюхэм, отчётхэм, нэгъуэщIхэми. Газетым и етIуанэ напэкIуэцIым нобэ фыкъыщеджэ еджапIэ нэхъыщхьэм къикIуа гъуэгуанэ купщIафIэм теухуа тхыгъэм.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# ЛъагапIэщIэхэр зи плъапIэ



**ДэнэкIи хуэдэу, ди республикэми мы махуэхэм щекIуэкIащ 11-нэ классхэр къэзыуххэм я гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр. Жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ а Iуэхугъуэхэм ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ нэмыщI, жыджэру хэтащ адэ-анэхэр, щIыпIэ унафэщIхэр, нэхъыжьыфIхэр.**

Апхуэдэ гуфIэгъуэ зэхыхьэ гуапэхэр щекIуэкIащ ди щIыналъэм и къалащхьэми. Школыр фIы дыдэу къэзыуха ныбжьыщIэхэм ящыщщ Налшык дэт курыт школ №33-м (унафэщIыр Блэныхь Казбекщ) курыт щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэта Къатинэ Ариянэ. ЕджакIуэ нэхъыфIхэм халъытэу школым щIэса Ариянэ фIыщIэ ин яхуещI апхуэдиз илъэскIэ унэтIакIуэу, гъуэгугъэлъагъуэу къыбгъэдэта и класс унафэщI ЛъащIэ Динарэрэ щIэныгъэм и лъагъуэм тезыгъэува егъэджакIуэ гумызагъэхэмрэ.

ЩIалэгъуэ ныбжьым ит дэтхэнэми хуэдэу, мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ зи куэд пщащэ дахэм дохъуэхъу зыхуей псоми и Iэр техуэну, еджэным щызыIэригъэхьа текIуэныгъэхэр гъащIэм дяпэкIэ щиIэну ехъулIэныгъэщIэхэм я пэщIэдзэ хъуну. Къатинэ Арияни курыт школыр мы гъэм къэзыуха, лъагапIэщIэхэр зи плъапIэ адрей ныбжьыщIэхэми гъащIэм фи увыпIэ щывгъуэтыну, гупсысэ Iущхэр зи лъабжьэ Iуэху екIу куэд зэфIэфхыну, насып мыкIуэщIкIэ, ехъулIэныгъэ лъагэкIэ гъэнщIа илъэсхэр ефхьэкIыну ди гуапэщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# IэнатIэм щынэхъыщхьэр



**УФ-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Мурашкэ Михаил видео зэпыщIэныгъэм и IэмалхэмкIэ иригъэкIуэкIащ къэралым и щIыналъэхэм узыншагъэр хъумэнымкIэ щыIэ къулыкъущIапIэхэм я унафэщIхэр зыхэта зэIущIэ. Ар теухуауэ щытащ Урысей Федерацэм коронавирус узыфэ зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэр зэуэлIа сымаджэхэм ират медицинэ дэIыпыкъуныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщым.**

ЗЭIУЩIЭМ къыщыхагъэщащ узыфэ зэрыцIалэр зыпкърытхэм я бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ зэрыхъур. Апхуэдэуи абы щытепсэлъыхьащ ковидым игъэсымэджахэм я узыншагъэр тэмэму зэфIэгъэувэжыным гулъытэ хэха зэрыхуэщIыпхъэм, къищынэмыщIауэ, гу-лъынтхуэ, псантхуэ, фошыгъу, лыш узыфэхэр зиIэхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэн зэрыхуейм.

«Узыфэ зэрыцIалэу щымыт уз гъэтIылъахэр зиIэхэм зыхуэныкъуэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ псори яхуэщIэныр, зи узыншагъэр нэхъ тIасхъэ, «шынагъуэ гуп» жыхуаIэ сымаджэхэм яхуэфащэ гулъытэ етыныр ди махуэ къэс лэжьыгъэр зэрызэхэт Iыхьэ нэхъыщхьэ дыдэщ», - жиIащ Мурашкэ Михаил.

Зыщыпсэу щIыналъэхэм я медицинэ IэнатIэм щыщыIэ щытыкIэм и гугъу ящIащ Коми Республикэмрэ Волгоград областымрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ я министрхэм.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

# ДэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм яхуэзащ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек тхьэмахуэ къэс зэрихабзэу, лъэIукIэ зыхуэзыгъазэ цIыхухэм яIущIащ.**

Республикэм и Iэтащхьэм зыхуэзыгъэзахэм яхэтщ уз хьэлъэ зэфыкI сабий зиIэ унагъуэр. Ар щIолъэIу сымаджэм и узыншагъэр унэм щызэфIэбгъэувэжыну Iэмал къозыт иджырей Iэмэпсымэ. КъинэмыщIауэ, сабийр къалэшхуэхэм фIэкIа щумыгъуэтыну, фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ кIэлъыплъыныгъэми хуэныкъуэщ. КIуэкIуэ Казбек унафэ пыухыкIа яхуищIащ ахэр зи нэIэ тет къудамэхэм.

Республикэр дэIэпыкъунущ дызэрыт зэманым зауэ Iуэху щхьэхуэм хэт щIалэм и унагъуэми. Къэралым щызекIуэ программэм ипкъ иткIэ, абы и унэм газ хущIашэнущ.

Аруан къуажэм и уэрам щхьэхуэм тес цIыхухэр республикэм и унафэщIым елъэIуащ псы хущIашэнымкIэ къадэIэпыкъуну. «Псы къабзэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, мы жылэм псы къыщIэшыпIэ щаухуакIэщ. КIуэкIуэ Казбек унафэ ищIащ иджы ар зэмыгъэгувэу унагъуэ-унагъуэкIэ зэбграшыну.

Дэтхэнэ зы унафэри зэрагъэзащIэ щIыкIэм КъБР-м и Iэтащхьэр и щхьэкIэ кIэлъыплъынущ.

## Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

**Медицинэм и лэжьакIуэхэу (дохутырхэр, фельдшерхэр, апхуэдэу фельдшер, фельдшер-акушер пунктхэм я акушеркэхэмрэ медсестрахэмрэ) къуажэхэм, къалэ теплъэ зиIэ поселкэхэм, цIыху мин 50-м нэс щыпсэу къалэхэм 2022 гъэм кIуахэм (Iэпхъуахэм) 2022 гъэм зэ тыгъуэу компенсацэ ахъшэ зэрырат хабзэм и 3-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхук1э**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2022 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м Налшык къалэ №148-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Медицинэм и лэжьакIуэхэу (дохутырхэр, фельдшерхэр, апхуэдэу фельдшер, фельдшер-акушер пунктхэм я акушеркэхэмрэ медсестрахэмрэ) къуажэхэм, къалэ теплъэ зиIэ поселкэхэм, цIыху мин 50-м нэс щыпсэу къалэхэм 2022 гъэм кIуахэм (Iэпхъуахэм) 2022 гъэм зэ тыгъуэу компенсацэ ахъшэ зэрырат хабзэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2022 гъэм гъатхэпэм и 14-м къыдигъэкIа унафэ №55-ПП-мкIэ къищтам, и 3-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи абы «в» пункт къуэдзэ дэщIыгъужын, мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу иту:

«в) медицинэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапIэр е курыт медицинэ IэщIагъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэр къэзыуха (щIэныгъэ зэгъэгъуэтынымкIэ зэгурыIуэныгъэм тету еджахэри яхэту) медицинэ лэжьакIуэр езым и жэрдэмкIэ ар зыщыщ щIыпIэм (къуажэм, рабочэ поселкэм, къалэ теплъэ зиIэ поселкэм, цIыху мин 50-м нэс щыпсэу къалэм) щылэжьэну щигъэзэжым деж).».

2. Мы унафэм къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ икIи абы и къарур тохуэ «Узыншагъэр хъумэныр» Урысей Федерацэм и къэрал программэм и гуэдзэн №5-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ «Урысей Федерацэм и Правительствэм 2022 гъэм мэлыжьыхьым и 22-м къыдигъэкIа унафэ №739-м къару щигъуэтам щегъэжьауэ зэтеува зэхущытыкIэхэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий**

# Исмэхьил и ехъулIэныгъэ



**КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр сыт щыгъуи жыджэру хэтщ ди щIыналъэм, къэралым, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкI щIэныгъэ зэхыхьэхэм, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Хэтым и мызакъуэу, еджапIэм и IэщIагъэлIхэри студентхэри абыхэм къыщыхощ ябгъэдэлъ зэфIэкI лъагэмрэ щIэныгъэ куумкIэ.**

АПХУЭДЭУ, Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгухьэныгъэм (СНГ) хэт хэкухэм щылажьэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм хуэщIауэ, ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я дунейпсо ассоциацэм къыхилъхьа «Илъэсым и щIэныгъэлI ныбжьыщIэ нэхъыфI» проектым ипкъ иткIэ екIуэкI зэпеуэм гъэ къэс хэтщ КъБКъМУ-м и студентхэр, аспирантхэр икIи ехъулIэныгъэфIхэри зыIэрагъэхьэ.

Къэрали 10-м щIигъу зыхыхьэ СНГ-м мы гъэм къыщызэрагъэпэща апхуэдэ зэхьэзэхуэм жыджэру хэтащ университетым и студент нэхъыфIхэм ящыщ Бейтуганов Исмэхьил. Абы щIалэщIэм игъэхьащ къэкIыгъэхэр инновацэ технологиещIэхэр и лъабжьэу гъэкIыным ехьэлIа щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ зыбжанэ. НэхъыфIхэр щызэхуахьэса щIэныгъэ къыдэкIыгъуэм ихуащ Бейтугановым и къалэмыпэм къыпыкIа къэхутэныгъэ купщIафIэхэм ящыщ зы. Абы къыщыхьащ джэшхъурейр (горох) биопрепаратхэмрэ щIыгъэпшэрхэмрэ къэбгъэсэбэпу нэхъыфIу зэрыбгъэкIыным ехьэлIа гъэунэхуныгъэ къэхутэныгъэхэу щIалэщIэм зэфIигъэкIахэм къарикIуа щIэныгъэщIэхэр. Гъэунэхуныгъэхэр Бейтугановым илъэсищкIэ, 2019 - 2021 гъэхэм, щригъэкIуэкIащ мэкъумэш университетым и нэIэм щIэт, опытхэр щагъэув губгъуэхэм ящыщ зым.

Бейтуганов Исмэхьил иригъэкIуэкIа щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм гулъытэшхуэ щигъуэтащ мыгъэрей дунейпсо проект зэпеуэм. «СНГ-м и щIэныгъэлI ныбжьыщIэ-2022» цIэ лъапIэр къыфIащащ щIалэм. Апхуэдэу къыхуагъэфэщащ щIыхь зыпылъ а цIэм щыхьэт техъуэ, «СНГ-м и щIэныгъэлI ныбжьыщIэ-2022» дунейпсо проектым и къызэгъэпэщакIуэхэм къабгъэдэкI дамыгъэ. Кърататщ «ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ хуищI хэлъхьэныгъэм папщIэ» диплому езанэ нагъыщэ зиIэр.

Дунейпсо зэпеуэм и фIыщIэ тхылъ къыхуагъэфэщащ Бейтуганов Исмэхьил и щIэныгъэ унафэщIу щыта, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Хьаний Иринэ.

Къыхэдгъэщынщи, Исмэхьил ди республикэм и щIалэгъуалэ жыджэрхэм, акъылыфIэхэм, жэрдэмыщIэхэмрэ Iуэху еплъыкIэщIэхэмрэ зи куэдхэм ящыщщ. Абы ехъулIэныгъэкIэ къиухащ «Урысей зэкъуэт» поликэ партым къыхилъхьа «ПолитСтартап» проектым ипкъ иткIэ къызэрагъэпэща «НыбжьыщIэ пашэ» егъэджэныгъэ курсхэр. Исмэхьил КъБР-м и Iэтащхьэм и нэIэм щIэту лажьэ, КъБР-м ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ и советым, УФ-м и Къэрал Думэм и ЩIалэгъуалэ парламентым хэтщ. ЩIэныгъэлI щIалэм и къалэмыпэм къыпыкIащ мэкъумэш унэтIыныгъэм теухуа къэхутэныгъэ лэжьыгъэу 35-м щIигъу.

ЩIалэщIэм дохъуэхъу ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэригъэхьэну, ди республикэм, къэралым я зыужьыныгъэм, зыузэщIыныгъэм хуэгъэпса IуэхугъуэфIхэмкIэ и цIэр куэдрэ фIыкIэ къраIуэну.

**КЪАРДЭН Ритэ.**

# Гъуэгуанэ купщIафIэ

**Илъэс 90 ипэкIэ ди республикэм къыщыхъуар - Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутыр 1932 гъэм къызэрызэIуахар - ди цIыхубэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэт. Дызриплъэж лъэхъэнэм къриубыдэу щIыхь зыпылъ гъуэгуанэ дахэ къикIуащ республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэм. Ар еджакIуэхэр щагъэхьэзыр институтым икIри, IэщIагъэ зэхуэмыдэ куэдым щыхурагъаджэ, ди къэралым и мызакъуэу хамэ къэрал куэдым зи цIэр фIыкIэ щызыгъэIуа щIэныгъэ-педагогикэ школхэр зиIэ иджырей классическэ университет зэпэщым хуэкIуащ.**



ПЕДИНСТИТУТ къызэIуахын ипэкIэ ди лъэпкъ IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыру щытар Орджоникидзе дэта Горскэ пединститутырт. Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ зэрызиужьым елъытауэ, ди щIыпIэм еджапIэ нэхъыщхьэ иIэныр Iэмалыншэ Iуэху хъуат. ЩытыкIэр къалъытэри, РСФСР-м и Правительствэм 1932 гъэм и мэлыжьыхьым унафэ къищтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым пединститут щхьэхуэ къызэрыщызэIухыпхъэм теухуауэ. КъБКъПИ-м япэ студентхэм папщIэ и бжэр къызэIуихащ 1932 гъэм фокIадэм и 15-м. Студенти 100 щеджэрт абы и къудамищым: биологие, физико-математикэ, литературэ факультетхэм. Ахэр щIэныгъэм и гъуэгум трашэрт егъэджакIуэ 13-м, профессоритIрэ доцентитIрэ яхэту.

Нэхъ иужьыIуэкIэ къызэрагъэпэщащ тхыдэмкIэ, естественно-географиемкIэ, бзэмкIэ къудамэхэр. Зэрылэжьа илъэсхэм къриубыдэу институтым егъэджакIуэ 4200-рэ игъэхьэзыращ. Ар Кавказ Ищхъэрэм и еджапIэ нэхъыфIхэм хабжэу щытащ.

1957 гъэм институтыр и лъабжьэу къэрал университет къызэIуахри, факультетиплIу зэхэту (тхыдэ-филологие, физико-математикэ, инженер-техникэ, мэкъумэш) гъуэгуанэщIэ теуващ. Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ автономиехэм ящыщу университет япэу къыщызэIуахар ди республикэращ. КъищынэмыщIауэ, IэщIагъэ зэхуэмыдэ куэдым щыхурагъаджэ университетхэр къэралым къыщызэIухыныр къыщежьар абдежщ. Ар ирихьэлIат Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум.

ЕджапIэ нэхъыщхьэр университет хъуа нэужь абы и япэ ректору щытащ нобэ зи цIэр зэрихьэ Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр. Ректорым а лъэхъэнэм куэд зэфIигъэкIащ, еджапIэхэм я щIэныгъэлIхэр къригъэблэгъащ, щIэныгъэ школхэр зэфIигъэуващ.

Илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм университетым и ректору щытащ КIэрэф Къамболэт Наурыз и къуэр, Лъостэн Владимир Чэлимэт и къуэр, Къарэмырзэ Барэсбий Сулеймэн и къуэр. Дэтхэнэ зыми хузэфIэкI гуащIэ хилъхьащ абы и зыужьыныгъэм. Мы зэманым КъБКъУ-м и унафэщIщ УФ-м щIэныгъэмрэ техникэмкIэ и къэрал саугъэтым и лауреат, техникэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Алътуд Юрэ Къамболэт и къуэр.

Зыужьыныгъэм и гъуэгу кIыхь къызэринэкIащ КъБКъУ-м. IэщIагъэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапIэхэр гугъуехь щыхэта 1990 гъэхэм ар хуэзащ лъэпощхьэпо куэдым, ауэ и къаруури зэфIэкIри яхъумэу, ямыгъэлъахъшэу, щIыхь иIэу щытыкIэ гугъум къикIыфащ. Нобэ ар къэралым пщIэ щызиIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ, мылъкукIи, къэхутэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкI IэмалхэмкIи, IэщIагъэлIхэмкIи лъэщу зэщIэузэдащ. Къэралым и еджапIэ лъэрыхьхэм халъытэ КъБКъУ-м, иджырей егъэджэныгъэ IуэхущIапIэм зэрыхуэфащэу, университет комплекс зэпэщ иIэщ, кадр, щIэныгъэ, мылъку-техникэ, щэнхабзэ, хъыбарегъащIэ, экономикэ Iэмал псомкIи къызэгъэпэщауэ. Ар япыщIащ къэрал куэдым щыIэ еджапIэхэм.

КъБКъУ-р къокIуэкI, езым и хабзэхэмрэ Урысейм япэу щызэфIэува университет комплексым и фIагъымрэ ихъумэу. Интерфаксым, RAEX-м ирагъэкIуэкI рейтинг къэпщытэныгъэхэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къэралым и еджапIэ нэхъыфIи 100-м (ТОП-100) хохьэ. Нобэ КъБКъУ-м IэщIагъэ щызрагъэгъуэт студент мин 17-м. Абы щоджэ Урысей Федерацэм и щIыналъэ 41-м, нэгъуэщI къэрал 43-м къикIа ныбжьыщIэхэр. Мы зэманым еджапIэ нэхъыщхьэм цIыху мини 2-м щIигъу щолажьэ, егъэджакIуэхэм я процент 75-м щIэныгъэ степенхэр яIэщ. Дыщыпсэу щIыналъэм узыншагъэр щыхъумэнымкIэ, хъыбар- егъащIэ-коммуникацэ технологиехэм, щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм нэхъри зегъэужьынымкIэ иIэ Iэнатlэхэр къэплъытэмэ, нэрылъагъущ КъБКъУ-м егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ Iуэхугъуэшхуэмрэ нэмыщI, щIэныгъэ-практикэ зыужьыныгъэшхуэ зэригъуэтри. А псори ди тегъэщIапIэу жыпIэ хъунущ ди республикэм и экономикэм и унэтIыныгъэ псори университетым зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлI щыпкъэхэмкIэ проценти 100-кIэ къызэрызэригъэпэщыфыр.

1932 гъэм къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым блэкIа илъэс 90-м КъБКъУ-м игъуэта зыужьыныгъэшхуэм укIэлъыплъмэ, наIуэ мэхъу ар Урысей Федерацэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщу нэхъ пажэхэм зэрыхалъытэр. ЕхъулIэныгъэ, зыузэщIыныгъэ, зэпэщыныгъэ уиIэну, пщIэ лъагэрэ къэрал гулъытэрэ дяпэкIи бгъуэтыну, лъэпкъ IэщIагъэлIхэм я кIыщ ди университет.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# ЛэжьапIэ IэнатIэхэр зэпэубыда мыхъун папщIэ

«2022 гъэм лэжьапIэ IэнатIэхэр зэпэубыда мыхъуным хуэунэтIа Iуэху щхьэхуэхэр гъэзэщIэным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2022 гъэм гъатхэпэм и 18-м къищта унафэ №409-м ипкъ иткIэ юридическэ IэнатIэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ (къэрал (муниципальнэ) IуэхущIапIэхэр хэмыту) хуапшыныжынущ:

- езыхэр зыпэлъэщын IэнатIэ къыхуагъуэтын папщIэ лэжьапIэкIэ къызэзыгъэпэщ органхэм зыщезыгъэтха цIыхухэр жылагъуэ лэжьыгъэхэм зэрыхашэм трагъэкIуэдам щыщ Iыхьэр;

- лэжьапIэм IуагъэкIынкIэ хъунухэр, а Iуэхум лэжьэгъуэ зэманыр гъэмэщIэнри, лэжьыгъэр пIалъэкIэ гъэувыIэнри, улахуэ пэмыкIуэу зыгъэпсэхуакIуэ гъэкIуэнри хэту, пIалъэкIэ гъэлэжьэным трагъэкIуадэ улахуэмрэ мылъкумрэ щыщ Iыхьэр;

- лэжьапIэм IуагъэкIынкIэ хъунухэр IэщIагъэщIэхэм хуегъэджэным трагъэкIуадэ ахъшэр.

ЛэжьапIэ зытхэм цIыхухэм папщIэ жылагъуэ лэжьыгъэхэр къыщызэрагъэпэщкIэ е ахэр пIалъэкIэ лэжьапIэ щагъэувкIэ дэтхэнэми трагъэкIуадэр нэхъ мащIэ дыдэу ят мазэ улахуэм хуэдизу икIи абы бюджетым щымыщ къэрал фондхэм халъхьэ страховой взносхэмрэ щIыналъэ коэффициентхэмрэ щIыгъужауэ къащтэ.

Зы цIыхур лэжьапIэкIэ къызэрызэрагъэпэщ пIалъэр мази 3-м щIигъун хуейкъым.

Жылагъуэ лэжьыгъэхэр къызэрызэрагъэпэщам, цIыхухэр пIалъэкIэ лэжьапIэ зэрагъэувам трагъэкIуэдам щыщ Iыхьэр хуапшыныж лэжьапIэ зытхэр къызэрыхахауэ щытам ипкъ иткIэ.

ЛэжьапIэ зытхэр къыщыхахкIэ хэтыну хуейхэм лъэIу тхыгъэ ягъэхь ЦIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ центрым.

КъывгурымыIуэхэм фыщыщIэупщIэ хъунущ «ЛэжьыгъэмкIэ, лэжьапIэ IуэхухэмкIэ, цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ республикэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм е абы и къудамэу лэжьапIэ зытыр щатха щIыпIэм щыIэм:

«ЛэжьыгъэмкIэ, лэжьапIэ IуэхухэмкIэ, цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ республикэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэ - **Бахъсэн районым щыщ Бахъсэн къалэм щыIэ къудамэ**

***ХэщIапIэр***: Бахъсэн къалэ, Лениным и уэрам, унэ 59, пэш №1, 2

Телефоныр 8(86634) 20-14-45

«ЛэжьыгъэмкIэ, лэжьапIэ IуэхухэмкIэ, цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ республикэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэ - **Прохладнэ къалэмрэ Прохладнэ районымрэ щыIэ къудамэ**

***ХэщIапIэр***: Прохладнэ къалэ, Головко и уэрам, унэ 52, пэш №9

Телефоныр: 8(86631) 7-97-49

«ЛэжьыгъэмкIэ, лэжьапIэ IуэхухэмкIэ, цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ республикэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэ - **Лэскэн районым щыIэ къудамэ**

***ХэщIапIэр***: Анзорей къуажэ, Хьэмгъуокъум и уэрам, унэ №34, пэш №3

Телефоныр: 8(86639) 9-54-95

«ЛэжьыгъэмкIэ, лэжьапIэ IуэхухэмкIэ, цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етыны-мкIэ республикэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэ - **Налшык къалэм щыIэ къудамэ**

***ХэщIапIэр***: Налшык къалэ, Ахъуэхъум и уэрам, унэ 141 «а», пэш №306

Телефоныр: 8(8662) 44-07-04

«ЛэжьыгъэмкIэ, лэжьапIэ IуэхухэмкIэ, цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ республикэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэ - **Тэрч районым щыIэ къудамэ**

***ХэщIапIэр***: Тэрч къалэ, Лениным и уэрам, унэ №9, пэш №1

Телефоныр: 8(86632)4-20-09

«ЛэжьыгъэмкIэ, лэжьапIэ IуэхухэмкIэ, цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ республикэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэ - **Шэджэм районым щыIэ къудамэ**

***ХэщIапIэр***: Шэджэм къалэ, КIарэм и уэрам, унэ 54, пэш №24

Телефоныр: 8(86630) 4-21-78

«ЛэжьыгъэмкIэ, лэжьапIэ IуэхухэмкIэ, цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ республикэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэ - **Iуащхьэмахуэ районым щыIэ къудамэ**

***ХэщIапIэр***: Тырныауз къалэ, Эльбрусскэ уэрам, унэ 100, пэш №4

Телефоныр: 8(86638) 4-24-52

«ЛэжьыгъэмкIэ, лэжьапIэ IуэхухэмкIэ, цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ республикэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэ - **Дзэлыкъуэ районым щыIэ къудамэ**

***ХэщIапIэр***: Дзэлыкъуэкъуажэ посёлкэ, Къалмыкъым и уэрам, унэ 16, пэш №6

Телефоныр: 8(86637) 4-15-28

«ЛэжьыгъэмкIэ, лэжьапIэ IуэхухэмкIэ, цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ республикэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэ - **Май районым щыIэ къудамэ**

***ХэщIапIэр***: Майскэ къалэ, Лениным и уэрам, унэ №40/2, пэш №1

Телефоныр: 8(86633) 2-62-62

«ЛэжьыгъэмкIэ, лэжьапIэ IуэхухэмкIэ, цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ республикэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэ - **Аруан районым щыIэ къудамэ**

***ХэщIапIэр***: Нарткъалэ къалэ, Лениным и уэрам, унэ 76, пэш №5

Телефоныр: 8(86635) 4-11-21

«ЛэжьыгъэмкIэ, лэжьапIэ IуэхухэмкIэ, цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ республикэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэ - **Шэрэдж районым щыIэ къуда-мэ**

***ХэщIапIэр***: Къэщкъэтау посёлкэ, Мечиевым и уэрам, унэ 23, пэш №5.

Телефоныр: 8(86636) 4-15-06

# Жыгхэр къогъух

**Илъэс зыбжанэ хъуауэ Налшык и уэрам куэдыр зыгъэдахэ шыкIуртIымейхэр къогъух. ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, абыхэм зэран яхуэхъур ди щIыналъэм и дуней щытыкIэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэрщ.**

ГЪЭМАХУЭКУМ нэсыху жыгхэм щытыкIэ хъарзынэ яIэщ, адэкIэ, шыкIуртIымхэр иджыри мыхъуа щIыкIэу, жыгхэм тхьэмпэу япытым къыпыщэщын щIадзэ. АтIэ сыт хэкIыпIэу щыIэр?

Кавказ Ищхъэрэм и адрей щIыналъэхэми щытыкIэр щыапхуэдэщ. ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, жыгхэм зэран яхуэхъур кIуэ пэтми зызыхъуэж дуней щытыкIэм и закъуэкъым, ахэр зыщ хьэпIацIэхэри щыIэщ. Апхуэдэ щытыкIэм ихуа языныкъуэ щIыпIэхэм хущхъуэгъуэхэр къыщагъэсэбэп, жыгхэм илъэсым тIэунейрэ сэху тракIэ.

Сэхум сэбэпынагъышхуэ имыIэу, уеблэмэ жыгым минерал пкъыгъуэхэр зыщIишэнымкIэ зэран хъууэ къэзылъытэхэри щыIэщ.

Къапщтэмэ, Ставрополь щIыналъэм шыкIуртIым, пхъэхуей жыгхэм къащIэщэща пщIащэхэр зэщIакъуэри ягъэс, зэран хъу хьэпщхупщхэм я жылакIэхэр зэрыхэлъу, къищынэмыщIауэ, къудамэ хэгъукIахэр къыгуахри ягъэс. Иджыпстук1э псом нэхъ хэкIыпIэфIу къалъытэри аращ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### ЩытыкIэм егъэгузавэ

**Уэздыгъэмрэ псэупIэхэр къызэрагъэхуабэ гъэсыныпхъэхэмрэ я уасэхэр кIуэ пэтми хэпщIыкIыу зэрыхъуэхъуэм егъэгузавэ Франджым и энергокомпаниехэр. ЩытыкIэр къалъытауэ, абыхэм къэралым щыпсэухэмрэ хьэрычэт IуэхущIапIэ зыгъэлажьэхэмрэ зыхуагъэзащ электрокъаруурэ, газрэ щIыдагъэхэкIыу къагъэсэбэпыр ягъэмэщIэну.**

ФРАНДЖЫМ энергетикэ зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ и министр Панье-Рюнаше Аньес нэхъ пасэу жиIауэ щытащ урысей газу къэралым Iэрыхьэр ягъэмэщIауэ зэрыарар икIи щытыкIэр егъэфIэкIуэжыным яужь зэритыр. Къэралым и президент Макрон Эммануэль къыпещэ урысей газу Европэм хуаутIыпщыр зэрагъэмэщIам къишэну гугъуехьхэр нэхъ щызыхащIэнур щIымахуэрауэ зэрыщытыр икIи абы ирихьэлIэу хэкIыпIэ къамыгъуэту зэрымыхъунур.

# Шынагъуэншэу, гъэщIэгъуэну



**Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэр шынагъуэншэу икIи къызыхуэтыншэу екIуэкIыным гулъытэшхуэ щегъуэт ди республикэм. Къэрал унафэщIхэм я нэIэм щIэмыкI а Iуэхугъуэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм къыщызэрагъэпэща зэIущIэм. Абы и лэжьыгъэм хэтащ министр Асанов Алим, ди республикэм и Iэтащхьэм и нэIэм щIэту лажьэ, КъБР-м Сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ Лъынэ Светланэ, къаIэта Iуэхугъуэмк1э жэуап зыхь IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.**

ЗЭIУЩIЭМ доклад щищIащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Романовэ Еленэ**. Абы зэрыжиIамкIэ, сабийхэм я мыгъэрей зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм хухахащ псори зэхэту сом мелуан 72-рэ мини 157,5-рэ.

- КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм къыхуагъэхьащ сом мин 67500,2-рэ, зи ныбжьыр илъэси 6,6-м къыщыщIэдзауэ илъэс 15-м нэс хиубыдэ сабийхэм загъэпсэхунымрэ я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэнымрэ теухуа Iуэхугъуэхэр ирагъэзэщIэну. Махуэрылажьэ школ лагерхэм щекIуэкIыну лэжьыгъэхэр къызэрагъэпэщыным хухахащ сом мелуани 4-рэ мин 705-рэ. Сабийм санаторэм зыщигъэпсэхун, и узыншагъэр щригъэфIэкIуэн папщIэ, зы жэщ-махуэм ику иту токIуадэ сом 1337-рэ. Къалэ щIыбым щылажьэ апхуэдэ лагерхэм ущыIэным зы жэщ-махуэм хуэзэу и уасэщ сом 965-рэ. Бгылъэ щIыпIэхэм къыщызэIуахауэ сабийхэм папщIэ лажьэ санаторэхэм апхуэдэ дыдэу токIуадэ сом 1266-рэ, - жиIащ Романовэм. - Iуэхум хузэхэдгъэува планым ипкъ иткIэ, ди республикэм и санаторэхэмрэ лагерхэмрэ дызэрыт гъэмахуэ лъэхъэнэм къриубыдэу зыщагъэпсэхуну Iэмал яIэнущ сабий мини 7-м нэсым. А IуэхущIапIэхэм ящыщу 13-р къалэ щIыбым щыIэ зыгъэпсэхупIэхэщ, 22-р махуэрылажьэ школ лагерщ.

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм и япэ Iыхьэм сабий 2216-м зыщагъэпсэху, я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ IуэхущIапIэ 25-м. Абыхэм ящыщу 22-р школхэм епхауэ лажьэ лагерхэращ. Зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэр яублэным ипэ къихуэу республикэм и школ псоми щрагъэкIуэкIащ цIыкIухэм шынагъуэншэу загъэпсэхуным хуэгъэпса дерс щхьэпэхэр. Сабийхэр махуэ 21-кIэ здэщыIэфыну школ лагерхэм лэжьыгъэр къыщызэрагъэпэщынущ егъэджакIуэрэ гъэсакIуэу 178-м, пщэфIэн Iуэхум пэрытынущ IэщIагъэлI 54-рэ, сабийхэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъынущ медицинэ лэжьакIуэ 22-рэ. КъинэмыщIауэ, ныбжьыщIэхэм ядэлэжьэнущ вожатэ 39-рэ, лагерхэм щыIэ къабзагъэм кIэлъыплъынущ цIыху 40-м нэс.

Мыгъэрей зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм къриубыдэу республикэм щылэжьэнущ унэтIыныгъэ хэха зиIэ лагерхэри. Апхуэдэу, «ДыгъафIэ къалэм» щыIэщ математикэр зыфIэхьэлэмэтхэм, зи къэухьым хэзыгъэхъуэну гукъыдэж зиIэхэм папщIэ лагерхэр. Зэреджэ программэм и лейуэ ныбжьыщIэхэм щадэлажьэ IуэхущIапIэхэми къыщызэIуахащ егъэджэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщызэрагъэпэщ гъэмахуэ утыку цIыкIуэхэр.

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм хуэщIа щIыпIэ псори я лэжьыгъэкIэ епхауэ щытщ медицинэ IуэхущIапIэхэм, хуей хъумэ, дэIэпыкъуэгъу хъун папщIэ. Къыхэдгъэщынщи, апхуэдэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр пщIэншэщ лагерым зыщызыгъэпсэху сабийхэми абы щылажьэ IэщIагъэлIхэми папщIэ. А Iуэхугъуэхэм зэхуэсым щытепсэлъыхьащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ **Аникушинэ Татьянэ**. Абы зэрыжиIамкIэ, зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэр зэраублэ лъандэрэ сабий куэдым зэуэ узыфэ зэрыцIалэ лIэужьыгъуэ гуэри къапкърыхьакъым, фэбжьи ягъуэтакъым.

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ зэманым зи лэжьыгъэкIэ епха нэгъуэщI IэнатIэхэм я лIыкIуэхэри жыджэру хэтащ зэIущIэм. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Шаваев Ислъам**, «Роспотребнадзор»-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Пагуэ Жыраслъэн**, МВД-м КъБР-м щиIэ IэнатIэм балигъыпIэ имыувахэм ядэлэжьэнымкIэ и къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Арахъэ Радион**, МЧС-м КъБР-м щиIэ IэнатIэм профилактикэ лэжьыгъэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ **Тэхъу Мусэ** сымэ, нэгъуэщIхэри. Ахэр тепсэлъыхьащ зи лIыкIуэ къэрал IэнатIэхэм Iуэхум халъхьэ лэжьыгъэхэм.

Апхуэдэу зэхуэсым и гугъу щащIащ зи хьэл-щэнкIэ къыщIэхуа ныбжьыщIэхэм папщIэ республикэм и «Кавказ» санаторэри хэхауэ зэрылэжьэнум. Гулъытэншэу къэнэнукъым балигъыпIэм имыува ныбжьыщIэхэу лэжьэну хуейхэри. Апхуэдэхэм ящыщу ныбжьыщIэ 948-рэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пIалъэкIэ увауэ мэлажьэ.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхугъуэ псори хуэунэтIащ республикэм ис сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъэ зэманыр шынагъуэншэу, купщIафIэу, гъэщIэгъуэну зэрагъэкIуэным.

**ТАМБИЙ Линэ.**

## Иужьрей илъэс 70-м къэмыхъуауэ

**Италием зэрыщыхуабащэм гугъу ирегъэхь абы щыпсэухэр. Псом хуэмыдэу щытыкIэр щыхьэлъэщ къэралым и кум хуэзэ къалэхэм.**

УЗЫНШАГЪЭР хъумэнымкIэ министерствэм зэбгригъэхащ къалэ 12-м, абыхэм Рими яхэту, ущыбэлэрыгъ зэрымыхъунум теухуа хъыбархэр. Дуней къэхъукъащIэр цIыхум и узыншагъэм дежкIэ зэрышынагъуэр къэзыгъэлъагъуэ балл нэхъ лъагэ дыдэр иратащ щытыкIэм. Африкэм къикI жьы пщтырым къишащ «мардэ плъыжь» жыхуаIэр къэралым и къалэ 19-м бэрэжьейм щагъэувыныр. Метеорологхэм цIыхухэр къыхураджэ сакъыну, ягъэува мардэхэм тетыну. Iэмалыншэ мыхъуауэ ахэр унэм къыщIэмыкIыну, псы нэхъыбэу ефэну, лэжьыгъэ хьэлъэ ямыщIэну.

Рим хуабэр градус 38-м щыщIигъурт блыщхьэм, махуэ гъунэгъухэми нэхъ тIасхъэ зэрымыхъунур жаIащ синоптикхэм. Италием и языныкъуэ щIыпIэхэм уэшх къызэрыщемышхрэ махуищэм щIигъуащ. Я псыежэх нэхъ уэр дыдэ По метриплIым нэблагъэкIэ нэхъ чэнж хъуащ. Апхуэдэ иужьрей илъэс 70-м къэхъуауэ ящIэжыркъым.

***НОБЭ***

✦**Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ партизанхэмрэ тылым щэхуу щылэжьахэмрэ я махуэр**

✦**1947 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Балъкъэр Юрэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

# Дэтхэнэр нэхъ сэбэп?

**Сату щIапIэу щыIэм я пэбжщ щIакхъуэ лIэужьыгъуэу щыIэри. АтIэ дэтхэнэра абыхэм ящыщу цIыхумкIэ нэхъ сэбэпыр?**

«КIытэ (дрожжи) хэмылъу пщагъэкIэ ящI щIакхъуэрщ», - жаIэ ерыскъы узыншэм елэжь щIэныгъэлIхэм.

Ижь-ижьыж лъандэрэ абы и гъэхьэзырыкIэм щыгъуазэу къокIуэкI Урысеймрэ Кавказымрэ щыпсэухэр: хьэжыгъэм псы хакIэурэ махуэ зыбжанэкIэ хуабапIэм щыту зэхагъэшыпсыхьырт, щIакхъуэр зыгъэтэдж бактерие лIэужьыгъуэхэр хищIэн хуэдэу. КIытэкIэ ягъэтэдж щIакхъуэр, дауи, нэхъ щабэщ, щIэхи зыкъеIэт, арщхьэкIэ ар зыхэмылъыр нэхъ зэман нэхъыбэкIэ зэрыщылъынум шэч хэлъкъым.

Диетологхэм къыхагъэщ: кIытэм цIыхум и Iэпкълъэпкъым хэлъ минерал пкъыгъуэхэр къызэрыхишымкIэ зэраныгъэшхуэ иIэщ. КIытэншэ щIакхъуэм лъатэмрэ кIэтIийхэмрэ фIыуэ егъэлажьэ, Iэпкълъэпкъым хэлъ фIейр кърегъэкъэбзыкI. КъищынэмыщIауэ, къыдрисейм ущехъумэ.

Гъавэ хьэдзэхэр хэлъу ягъажьэ щIакхъуэр магний, калий пкъыгъуэхэмкIэ зэрыкъулейм къыхэкIыу, гумрэ лъынтхуэмкIи сэбэпышхуэщ, абы хэлъ лактобактериехэм я фIыгъэкIэ минералхэмрэ витаминхэмрэ Iэпкълъэпкъым тыншу къещтэ.

Иджыри зы чэнджэщ къыдат диетологхэм: щIакхъуэр къыщыфщэхум деж, абы фошыгъу е фо хэмылъу, а махуэм ягъэжьауэ къафщтэ.

КIытэ зыхэмылъ щIакхъуэр чэтэным кIуэцIышыхьауэ зефхьэмэ нэхъыфIщ - хьэжыгъэ къабзэм къыхащIыкIар махуи 7-кIэ зыри къыщымыщIу щылъынущ. ЩIыIалъэм е целлофан пакетхэм илъу зефхьэ щIакхъуэм сэбэпынагъ зыпылъ пкъыгъуэхэр занщIэу хэкIуэсыкIынущ, абы нэхърэ пхъэм къыхэщIыкIа хъумапIэхэр къэвгъэсэбэпмэ нэхъыфIщ.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

**ЛъэпкЪ Iущыгъэ:**

**Уи жыIэ уи IуэхукIэ гъэдахэ.**



# ГъащIэм и пэщIэдзэм

**Си сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдащ. Абы гухэщI Iэджэ си нэгу щIигъэкIащ, си ныбжьыр илъэси 7 фIэкIа мыхъуауэ.**

ЗАУЭМ ипэкIэ, унагъуэр фIыуэ дыпсэуащ. Ди адэ Вэрокъуэ Хьэмид Лэкъумэн и къуэр Малкэ къуажэм и «Победа» колхозым и Iэтащхьэу лажьэрт. Ди адэ-анэр пщIэ зэхуащIу, зэгурыIуэу зэдэпсэурт. БыниплI драIэти, «щIым драхьэхынкIэ» дзыхь ямыщIу, фIыуэ дыкъалъагъурт. Ди адэр цIыху щабэт, лэжьакIуэхэм фIыуэ яхущытт. Езыхэми пщIэ къыхуащIу, фIыуэ къалъагъурт. Ди адэм и псалъэ губзыгъэхэр къуажэдэсхэм куэдрэ зэрахьащ, «Хьэмид зэрыжиIауэ» жаIэу.

Зауэр къэхъуным ипэкIэ, ди адэр Куба районым а зэманым ита джэдкъаз совхозым IэщIагъэлI нэхъыщхьэу ягъэкIуати, и унагъуэри здишат. Абы дыщыIэу, зы жэщ гуэрым ди адэр пщIыхьэпIэ шынагъуэ илъэгъуауэ къызэфIэтIысхьащ. А жэщым абы ди анэм уэсят къыхуищIыжат: «Хурэ, зауэ къэхъунущи, сыкIуэрэ къэзмыгъэзэжмэ, уи тхьэмадэ жьы хъуамрэ быниплIымрэ уи анэмэтщ».

Абы иужькIэ куэд дэмыкIыу Хэку зауэшхуэр къэхъеящ. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр къытеуат ди къэралым. Ар яхъумэжыну цIыхухэр зауэм кIуэрт. Ди адэри яхэту, совхозым цIыхухъуу тесар дэкIащ. Сабийхэри балигъхэри зэщIэгъуагэрт, зыгуэр лIам хуэдэу. Ди псэм ищIат гуIэгъуэшхуэ къызэрыхъунур. Ди адэр хатхащ Iэщэншэу танкхэм япэщIэува 115-нэ шу дивизэм. Арати, унагъуэм ди дунейри, ди анэм и гъащIэ дахэр къэзыгъэнэху «дыгъэри» пшэ фIыцIэм щIилъэфэжащ.

Абдеж щыщIидзащ ди анэ тхьэмыщкIэм и дуней гуIэгъуэм. Нэмыцэхэр Кавказым къебгъэрыкIуэрт. Ди сэлэтхэр икIуэтырт, нэщхъейуэ. Партизану дэкIахэри щыIэт. Гъавэр губгъуэм къинат. Унагъуэр совхозым дыщыIэти, ди анэмрэ ди адэшхуэмрэ Малкэ дэт ди унэм гу цIыкIукIэ дыкъашэжащ. ДыкъыздэкIуэжам цIыхухъу дэсыжтэкъым, ди адэ къуэш Вэрокъуэ Хьэжиди яхэту зауэм кIуахэт. Фашист кхъухьлъатэхэм къуажэм лагъымхэр къыхадзэрт, шэхэр фиижу дэнэкIи щызелъатэрт. Сабийхэр щIыунэм дист, дыщтауэ, дызэщIэгъуагэу. Гузэвэгъуэр зытелъ ди анэхэм хьэлу Iыхьэ ящIурэ къытхуахьырт. Куэд дэмыкIыу нэмыцэхэр къуажэм дэз къэхъуащ. Абыхэм ди унэм дыкъыщIахури, езыхэр щIэтIысхьат. Псори зэрапхъуэрт: мэли джэди къуажэм къыданатэкъым.

Нэмыцэхэм я топыжьхэр Балъкъ псы Iуфэм щыхатIауэ, Бахъсэн лъэныкъуэкIэ уэхэрт. Абыхэм Iэуэлъауэшхуэ ирагъэщIырт, хьэ пщIэум хуэдэу къугъурэ дыкъагъащтэу. А макъым апхуэдизу сыщышынэрти, си гур къриIуэнтIыкIыу щIидзэрт, си нэпсхэр къелъэлъэхыу.

Шэр тIэкIу увыIати, дагъэшхэну цIыкIухэр щIыунэм дыкърашат. Щхьэгъубжэм дыдэплъу дыздэщысым долъагъу: ди сэлэт икIуэтхэр изу шыгум исy джабэм щыкIэрылъадэм нэмыцэхэр топкIэ якIэлъыуэри, шыгури исахэри уафэм дрипхъеят. Ар зылъэгъуа сабийхэр дызэхэтIысхьауэ дызэщIэгъуагэрт, балигъхэм ещхьу. Апхуэдэ гуIэгъуэ защIэт ди сабиигъуэ гъащIэр.

Балъкъ адрыщIкIэ къэлъагъуэ бжьэпэм 34-нэ шы заводыр тетащ. Абы нэмыцэхэм штаб къыхащIыкIати, я Iэщи шыи абы щахъумэрт. А къалэныр зыгъэзащIэхэм ящыщт «кIэдыкъуакъуэ» кхъухьлъатэшхуэу а штабым зэпымыуүэ щхьэщытар. Ар зезыхуэр цIыхубзт, Розэ и цIэу. УвыIэгъуэ ямыIэу къэлъатэ ди лагъымзехьэхэм нэмыцэхэм я Iэщыр зэбграхурти, загъэбзэхыжырт. Бийр гужьеяуэ зэрызехьэрт, «Розэ дэнэ щыIэ?» жаIэу. Кхъухьлъатэхэр Балъкъ пшэгум куэдрэ щызэрызехьащ, дыдейхэр текIуэмэ, «ура!» жытIэрэ дыгуфIэу.

Фашистхэм къуажэм зыщрагъэIэжьакъым. Ахэр дахужами, мылъку щIагъуэ къытхуагъэнатэкъым. Ауэ, дэ, унагъуэм, жэм сырыхужь закъуэ диIэти, абы дигъэмэжалIэртэкъым. Ди анэм махуэкIэрэ ар щIищIэрти, колхозыщIыр иривэрт. Дэ, сабийхэри, «чауэ» зыхужаIэ чы кIыхьыр тIыгъыу, жэмхэм дыкIэлъыуэу губгъуэм дитт, махуэ псом хьэлIамэ ныкъуэ зырыз къыдату.

Зауэр увыIа къудейуэ, ди анэм зэгуэр Къулъкъужын хъыбарзехьэ дегъакIуэ, щы дыхъуу: анэм и нысэгъур, си шыпхъу нэхъыжьыр, сэ. Моуэ джабэм дыдэкIыу губгъуэм дихьэмэ, уэс Iувым нэмыцэ хьэдэхэр хэзу хэлът. Щыри дышынауэ, дызэрыIыгъыу догъуэг. Дгъейр абдежым щытлъэгъуа нэмыцэ хьэдэхэратэкъым, атIэ хъыбарыншэу кIуэда ди адэмрэ ди адэ къуэшымрэт. ДызэщIэгъуагэу, гъыбзэ дыусырт. А махуэм сабий акъылкIэ къысхуэубыдам теухуауэ, тIэкIу сыкъыдэкIуэтея иужь, мыхэр стхыжащи, мыбдежым къыщысхьынут:

*«Си адэ тхьэмыщкIэ, дэнэ ущыIэ?*
*Уэри мыбыхэм хуэдэу гулъытэншэу,*
*Биишэ бзаджэм ухигъэщIауэ,*
*Хамэ щIыналъэм укъыщына?»*

Гъыбзэр стхыжащ, си нэпсхэр къелъэлъэхыу. Адрей сабийхэми хуэдэу, зи гъащIэр зауэшхуэм хиубыдахэр щIэх губзыгъэ, балигъ дыхъуат. Зыкъэсщтэжынщи, еханэ-ебланэ классым сыщIэсу, зауэм и зэранкIэ ди унагъуэм бэлыхьу игъэвам, абы къыхэкIыу, ди анэ тхьэмыщкIэм гуауэу къытепсыхам теухуа сатырхэр стхыжын щIэздзат.

**КIЭМЫРГУЕЙ Лизэ,**
*Малкэ къуажэ.*





# Анэдэлъхубзэм и IэфIыр

**Иджырей лъэхъэнэу жыджэру экономикэм, жылагъуэм, политикэм зэхъуэкIыныгъэ куухэр къыщыхъум, псэлъэкIэр, стилистикэр сабийхэм егъэщIэныр егъэджэныгъэм и зы къалэн нэхъыщхьэу къоув. ЖыпIэ хъунущ, Интернетым сабийм и къэухь, и бзэ сытхэм зригъэужьу, ауэ ар пэжым и хэкIыпIэу къапщтэ хъуркъым. Интернетым, радиом, телевиденэм узыщрихьэлIэ текстхэр, псэлъэкIэхэр, псом япэу, стилистикэ и лъэныкъуэкIэ, удызэхьэхыну щыткъым. А Iуэхугъуэхэм епха и гупсысэхэмкIэ «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм нобэ къыддогуашэ Хъыжьырокъуэ (Батырдэгу) Лерэ.**

**КъБКъУ-м адыгэ филологиемкIэ и магистратурэр мы гъэм ехъулIэныгъэкIэ къиухащ Лерэ. Ар илъэс 15-м нэсауэ щолажьэ Бахъсэн дэт прогимназие №4-м (унафэщIыр Джэрыджэ Аидэщ). IуэхущIапIэм и гъэсакIуэ пэрытхэм ящыщ Лерэ ди анэдэлъхубзэмкIэ дерсхэри IэкIуэлъакIуэу ирегъэкIуэкI. ЩIэблэм я унэтIакIуэ гумызагъэм и мащIэкъым Iуэху еплъыкIэщIэхэмрэ жэрдэмыщIэхэмрэ. АбыхэмкIэ Лерэ ди газетым и щIэджыкIакIуэхэм ядогуашэ:**

САБИЙМ и бзэм зегъэужьыныр, стилистикэ и лъэныкъуэкIэ жыпхъэ тэмэм егъэгъуэтыныр егъэджакIуэм и пщэм дэлъ къалэнхэм ящыщщ. ЕджакIуэм и къэхутэныгъэ лэжьыгъэр щригъэкIуэкIыфынур езым и акъылыр, и бзэр ирикъуу игъэнщIыфа нэужьу зэрыщытыр илъэс куэдкIэ къэрал егъэджэныгъэ системэм курыхыу щыпхыкIыу щыта гупсысэщ. Абы къыхэкIкIэ, егъэджакIуэхэм сабийм зыгуэр кърагъэхутэну, къыщIрагъэгъэщыну иужьи ихьэххэртэкъым. Къэхутэныгъэ бгъэдыхьэкIэр иджырей лъэхъэнэм къыбгурыIуэ хъунукъым хэхауэ зы щIэныгъэ гуэрым нэмыщI емыпхауэ лэжьыгъэхэр ебгъэкIуэкIын хуейуэ, е щIэныгъэ лэжьакIуэхэм фIэкIа ар нэгъуэщIым ягъэзащIэ мыхъуну. Къэхутэныгъэ лэжьэкIэр дэтхэнэ зы цIыхуми хуэгъэзэщIэн хуей Iуэхугъуэщ, уеблэмэ, ар и гъащIэм щыщ Iыхьэу щытыпхъэщ. Къэхутэныгъэ егъэджэкIэм куэду елэжьа щIэныгъэлI, методист Скаткин М. Н., Лернер И. Я. сымэ мыпхуэдэ егъэджэкIэм ейуэ Iыхьитху къыхагъэкIырт:

- къыгурыбгъаIуэурэ ебгъэлъагъун;
- езы еджакIуэм жиIэжыфын;
- щажепIэкIэ, проблемэу яхуэбгъэувын;
- зэрыIуэхугъуэу мыхъуу, абы щыщ гуэр къахутэжын хуейуэ;
- къэхутэкIэ.

Япэ Iыхьэм деж еджакIуэм щIэныгъэ хьэзырыр бгъэдэплъхьэу удэлэжьэн хуейщ. Мы бгъэдыхьэкIэм мылъкуи зэмани куэду текIуадэркъым, ауэ фIагъыу хэлъри мащIэщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, практикэ и лъэныкъуэкIэ сабийм зыужьыныгъэ пхуетыркъым. Мыбдеж еджакIуэм щIэныгъэ хьэзыр щыIэр къызэригъэсэбэпыфын къудейр къыщещIэ.

ЕтIуанэ Iыхьэм деж сабийм игъуэта щIэныгъэ хьэзырыр къеIуэтэжыф, теорие и лъэныкъуэкIэ игъуэта гурыIуэгъуэхэр зыхещIэ.

Ещанэ Iыхьэм деж сабийм проблемэ хуэбгъэувын хуейщ. Псалъэм папщIэ, теорием и гугъу хуумыщIу, практикэ лэжьыгъэ и пащхьэ ибогъэувэри, езым абы и хэкIыпIэ къыхуэгъуэтмэ, уоплъ.

ЕплIанэ Iыхьэм деж теорие и лъэныкъуэкIэ щыIэм и зы Iыхьэ нэхъ бгъэдумылъхьэу, практикэр къигъэсэбэпурэ езым а бгъэдыхьэкIэр и кIэм негъэсыж.

Етхуанэ Iыхьэм деж сабийм езыр-езыру щIэ гуэрхэр къехутэ. ЕгъэджакIуэм абы упщIэ къудейр хуегъэув, мыбдеж егъэджакIуэр дэIэпыкъуэгъу хъу къудейщ. Практикэ, теорие и лъэныкъуэкIэ щIэ гуэрхэри жриIэркъым, ауэ къигъэсэбэпыпхъэхэмкIэ чэнджэщ ирет, гъуэгу зэрыкIуэн хуеймкIэ еунэтI. ЕджакIуэм къихутэн хуейуэ ират темэр зэи зэхихауэ щымытами, зэгуэр щыгъуазэ зыхуэхъуауэ щытми хъунущ.

Къэхутэныгъэ егъэджэкIэр убзыхуныр Iыхьэ зыбжанэу зэхэлъщ:

Къэхутэныгъэм и темэр убзыхун, темэр, зытетхыхьынур убзыхун. Мыбы и лъэныкъуэкIэ темэр зытеухуар. Ар гъащIэм хэту зэрыщытым мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Проблемэ щыIэр убзыхун. ЕджакIуэм и пащхьэм проблемэхэр, упщIэхэр ирагъэувэ. Темэр актуальнэу щIыщытыр гурагъаIуэ, абы щIэуэ хэплъхьэ хъунум и гугъу ящI.

ЕплъыкIэр къэгъэлъэгъуэн. ЕгъэджакIуэр и гъусэу еджакIуэм къегъэлъагъуэ Iуэхум еплъыкIэ хуэбгъуэт хъунур.

Зэджапхъэ, къигъэсэбэпыпхъэ литературэм, нэгъуэщI лэжьыгъэ гуэрхэм и гугъу ящI, ахэр яубзыху. Мыр зы сабийми, гуп псоми ядебгъэкIуэкI хъуну Iуэхугъуэщ.

Лэжьыгъэм ехьэлIауэ щыIэ псори зэхуэхьэсауэ илъэс къыщыдэкIа, дунейм къыщытехьа елъытауэ зэхэдзын. Къызэригъэсэбэпыным хуэдэу гъэхьэзырын.

Зэхуахьэсыфа псоми тепсэлъыхьын, къагъэнаIамэ зэхэгъэкIын.

ЕплъыкIэ къагъэлъэгъуахэр зэпкърыхын.

КъызыхуэкIуа къэхутэныгъэхэм тепсэлъыхьын.

КIэух псалъэ хуащIар зэпкърыхын.

Къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыфын щхьэкIэ, еджакIуэхэр егъэсэн хуейщ проблемэр ялъагъуфу, упщIэ ягъэувыфу, еплъыкIэ къагъэлъэгъуэфу, гурыIуэгъуэ (понятие) щыIэхэр яубзыхуфу, гурыIуэгъуэ щыIэхэр игуэшыфу, Iуэхугъуэм и екIуэкIыкIэм кIэлъыплъыфу, гъэунэхуныгъэ иригъэкIуэкIыфу, кIэух псалъэ зэригъэпэщыфу, къызыхуэкIуа и гупсысэр пхигъэкIыфрэ цIыхум я пащхьэ ирилъхьэфу.

Къапщтэмэ, «Псалъэм и мыхьэнэр, мыхьэнэ куэд зиIэ псалъэхэр» темэр щаджкIэ, гулъытэ нэс хуэщIын хуейщ псалъэ къэс езым и мыхьэнэ иIэжу зэрыщытыр къагурыгъэIуэным, абы щIыгъууи егъэщIэн хуейщ бзэм и псалъэ куэдым мыхьэнэ зыбжанэ яIэу зэрыщытыр. Псалъэм мыхьэнэ куэд иIэнкIэ зэрыхъунур егъэлъагъуныр зэрыщIэдзапхъэр щапхъэ нэхъ тыншхэмкIэщ. ЕгъэджакIуэм лэжьыгъэр хуеунэтI пэщIэдзэу иIа мыхьэнэ нэхъыщхьэм и мызакъуэу, мыхьэнэ зэхьэкIа (переноснэ) зыбжани псалъэм иIэнкIэ зэрыхъунум еджакIуэхэр щыгъэгъуэзэным. Мыпхуэдэ лэжьыгъэм и къалэн нэхъыщхьэщ дэтхэнэ зы псалъэри къызыхуэхьыпхъэ мыхьэнэм иту я бзэм къыщагъэсэбэпыфу еджакIуэхэр егъэсэныр. Псалъэм папщIэ, къызэрагъэсэбэп елъытакIэ «дыдж» жыхуэтIэ псалъэм мыхьэнэ зэхуэмыдэ зыбжанэ иIэнкIэ хъунущ. А псалъэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр бзэгум зыхищIэ «дыджагъыр» къыдгурызыгъаIуэрщ: Уэшхыншэу кIа нащэр дыджщ.

Апхуэдэ мыхьэнэхэм еджакIуэхэр литературэми бзэми я уроккхэм зэпыщIэныгъэ яIэу щегъэлэжьын хуейщ. Абы папщIэ, егъэджакIуэр лъыхъуэ зэпыту щытын хуейщ художественнэ текст щхьэхуэхэр ирызэпкърырагъэхын папщIэ ират лэжьыгъэхэмрэ бзэр зэрырагъэдж учебникым итхэмрэ зэрегъэфIэкIуапхъэм, абы щIыгъууи ахэр нэхъ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрыщIыпхъэхэм. Темэр щаджкIэ, еджакIуэхэм ягъэзэщIэн хуейуэ адыгэбзэ учебникым ит лэжьыгъэхэм ядэщIыбгъу хъунущ мы къэкIуэнухэр:

ФонетикэкIэ е грамматикэкIэ зэпкърырагъэхыну ират текстхэм мыхьэнэ зэдзэкIам къыхуэхьауэ хэт псалъэхэр еджакIуэхэм къахутэн;

ЗэдзэкIауэ къахьа псалъэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэмрэ зыхузэдзэкIа мыхьэнэмрэ еджакIуэхэм къагъэлъэгъуэн;

Ирата псалъэхэр я мыхьэнэ нэхъыщхьэми зыхузэдзэкIа мыхьэнэми иту псалъэухахэм къыщегъэгъэсэбэпын;

Зи мыхьэнэ нэхъыщхьэми зыхузэдзэкIа мыхьэнэми ит псалъэ къагупсысу псалъэухам хэту къагъэсэбэпын;

Зи купщIэр зэхьэкIауэ къэкIуа щапхъэ гуэр художественнэ текстхэм къыщалъыхъуэфын, къыхагъэщыфын, н.къ.

«Синонимхэр» темэр сабийхэм щебгъэджкIэ, мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр ябгъэгъэзащIэ хъунущ:

а) зы щыIэныгъэ, лэжьыгъэ гуэр къэзыгъэлъагъуэ е купщIэ псомкIи щызэтехуэу синоним зэхуэхъу щапхъэхэм: ищхъэрэ къуажэ - ищхъэрэ жылэ, игъуэу къэсащ - и чэзууэ къэсащ, ар щIалэ лъэщт - ар щIалэ бланэт, нэгъуэщIхэми;

б) псалъэхэмрэ абыхэм гуэгъу къахуэхъу псалъэ зэпыщIахэмрэ къагъэхъу синонимхэм: щIохъуэпс - и нэ къыхуокI, псынщIэу - и шыкIэ мафIэ егъэуауэ, нэгъуэщIхэми.

Синоним къэкIуэкIэ зыбжанэм щегъэлэжьыпхъэр а езы «Синонимхэр» темэр щаджкIэкъым, атIэ псалъэхэм я зэщхьэщыкIыныгъэхэр зэлъыта Iуэхугъуэхэр программэм ипкъ иткIэ щадж иужь лъэхъэнэхэрщ. Псалъэм папщIэ, убгъуауэ бзэм къыщагъэсэбэп псалъэхэмрэ жьы хъуахэмрэ къагъэхъу синонимхэм щегъэлэжьыпхъэр «Жьы хъуа псалъэхэр» щаджа лъэхъэнэрщ. Апхуэдэхэщ: хуэрзэн - быбын; (хьэ) бэнэн - хьэкъун, тхьэмбыл - жьагъэ, гъэкъуэншэн - гъэмысэн, кхъуакIэ - къудас, нэгъуэщIхэри.

ЕджакIуэхэм я бзэм зегъэужьыным хуэунэтIа лэжьыгъэм нэхъри зегъэубгъун хуейщ программэм ипкъ иткIэ «ПсалъэщIэхэр» (неологизмхэр) щрагъэджкIэ.

ГъащIэм мыувыIэу зеужь, апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэм бзэм псалъэщIэ къыхешэ, ар узыщхьэпрымыкIыфын Iуэхугъуэщ: щIэныгъэм зеужь, хьэпшыпыщIэхэр къожьэ, политикэм, культурэм, гъуазджэм ехьэлIа псалъэ куэд къожьэ, апхуэдэ псалъэхэр зэрымызэраныр сабийхэм ягурыгъэIуэн хуейщ. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэщи, «Зэманым декIур лIыфIщ». Лъэхъэнэ зызуужьым къыкIэрыхуа цIыхур, апхуэдэуи лъэпкъыр, иужь къинэнущ.

ЦIыхум, лъэпкъым зыужьыныгъэ зэригъуэтар наIуэ къищIу адыгэбзэм псалъэщIэхэр, щIэныгъэр неологизмэкIэ зэджэм хуэдэхэр къыхыхьащ: «совхоз», «бригадир», «телефон», «зоопарк», «заповедник», «аптека», нэгъуэщIхэри. Дауи, псалъэр бзэм къызэрищтэрэ илъэсищэ, щэ ныкъуэ хуэдиз хъуамэ, ар иджыри къыздэсым неологизмэу (псалъэщIэу) къэплъытэ хъунукъым. Псалъэм папщIэ, «компьютер» иджырей зэманым неологизмэу тхужыIэжынукъым, апхуэдизкIэ абы десащи, ауэ, псалъэм папщIэ, «террабайт» псалъэр а «компьютер» дыдэм епхыжауэ щытми, езыр къызэрытцIыхурэ, зымыцIыхуххэри иджыри щыIэу, куэд щIакъым. ЦIыхур зэсауэ щызэпсалъэкIэ къагъэсэбэпу, псоми зэдацIыхуу щыт псалъэхэр неологизмэхэм щIэхыу, псынщIэу хокI.

Иджырей дидактикэм и къэхутэныгъэ бгъэдыхьэкIэр И. Лернер мыпхуэдэу еубзыху: «Абы зэфIигъэкIын хуейщ, япэрауэ, щIэныгъэр творческэ бгъэдыхьэкIэу къэгъэсэбэпыныр. ЕтIуанэрауэ, апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм еджакIуэм предметым хуиIэ щытыкIэм зрегъэужь, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ухуэзыгъэуш Iуэхугъуэ лэжьыгъэм хэмылъмэ, ар къэщтэгъуафIэ хъуркъым. ЕджакIуэр еджэным къыхуэгъэушыныр, дауи, мы зы IуэхугъуэмкIэ зэфIэкIыркъым, ауэ мыр, Iэмал имыIэу, егъэджэныгъэм хэтын хуей бгъэдыхьэкIэщ».

Къэхутэныгъэ бгъэдыхьэкIэр бгъэзэщIэн щхьэкIэ, дэ къызэрыдгурыIуэмкIэ, темэр къыхэхын хуейщ, информацэ къозыт литературэр, интернетыр щIэпщытыкIауэ, уэ езым бгъуэта еплъыкIэр бубзыхужу ар зы системэу пхуэукъуэдийуэ зэрыпхыбгъэкIын хуейм хуэдэу бгъэхьэзырынырщ. Къэхутэныгъэ лэжьыгъэу, егъэджэкIэ бгъэдыхьэкIэу къагъэсэбэпым иджырей курыт еджапIэм и пащхьэ кърагъэувэ къалэн куэд зэфIегъэкI. Япэрауэ, егъэджэныгъэм и купщIэр ехъуэж: еджакIуэм материал хьэзырыр и пащхьэ занщIэу иплъхьэркъым, атIэ ар езым къегъуэтыжри йолэжь. Мыбдеж егъэджакIуэм абы и нэIэ тригъэт къудейуэ аращ икIи зэрызиужьын хуей Iуэхугъуэм трегъэгушхуэ. ЕтIуанэрауэ, щIэн хуей лэжьыгъэм еджакIуэм езым и гупсысэу хилъхьэ Iыхьэм куэду хохъуэ икIи егъэджэныгъэм и фIагъым хегъахъуэ. Ещанэрауэ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэм пыухыкIауэ Iуэхугъуэ къыпокIуэ: доклад, реферат, къэхутэныгъэ лэжьыгъэ, проект, макет, нэгъуэщIхэри. А Iуэхугъуэ псори сэбэп мэхъу къэхутакIуэм и лэжьыгъэр класс къудейм щызэфIэмыкIыу, зэпеуэ, конференц, семинар, щIэныгъэ-практикэ конференц сыт хуэдэхэм зыкъыщигъэлъэгъуэну, утыку кърилъхьэну.

Зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэм къэхутакIуэр хэт хъуа нэужь, ар икъукIэ щхьэпэщ еджакIуэр цIыхум яхэзэгъа хъунымкIэ (социализацие); и акъылкIэ хузэфIэкIыну щытхэм хрегъэгъахъуэ икIи класс нэхъыжьхэм сабийр щIэсыхукIэ, гъащIэм зригъэгъуэтыну зыхуей IэщIагъэри нэхъ тыншу къыхиха мэхъу».

Литературэмрэ грамматикэ урокхэмрэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэр урокым и Iыхьэуи бгъакIуэ мэхъу, псалъэм папщIэ, темэр щагурыбгъаIуэкIэ е унэ лэжьыгъэр щепткIэ. Апхуэдэуи, дызытепсэлъыхь лэжьыгъэм урок псори ебгъэубыдми, урок-къэхутэныгъэ пщIыми зэранкъым. Ещанэ еплъыкIэри къэбгъэсэбэпыну щхьэпэщ: урок зыбжанэ къызэщIебгъэубыдэурэ е Iыхьэ псор къызэдебгъащтэурэ бгъэлажьэ, уадэлажьэ мэхъу.

Къэхутэныгъэ лэжьыгъэм хэшэным 2-нэ классым щыщIэбдзэ хъунущ, хъуным и мызакъуэу апхуэдэ лэжьыгъэр Iэмал зимыIэу къегъэув федеральнэ къэрал егъэджэныгъэ стандартым. Къэхутэныгъэ лэжьыгъэр зищIысыр ягурыгъэIуапхъэщ икIи ар зэрызэхэт пкъыгъуэхэу упщIэ гугъурэ (проблемнэ), хуэгъэфэщэныгъэмрэ (гипотезэ) зэфIэгъэувэнымкIэ лъабжьэ гъэтIылъын хуейщ. Псалъэм папщIэ, япэ дыдэу къэхутэныгъэ лэжьыгъэу ебгъэщIыныр къыщIэбдзэ хъунущ «Псалъэ лъэпкъыгъуэхэр» темэмкIэ. Мыбдеж унэ лэжьыгъэу епт хъунущ текст хьэзырым щыIэцIэ хэтхэр къыхатхыкIын хуейуэ. Урокым къэкIуа нэужь, щыIэцIэ къыхатхыкIахэр темэ и лъэныкъуэкIэ, удэIэпыкъуурэ ебгъэгуэшыж хъунущ (тематикэ, семантикэ).

Апхуэдэ лэжьыгъэр Iэмал имыIэу еджакIуэм и закъуэ иригъэкIуэкIын хуейкъым, апхуэди щыхэтыни къэхъунущ, ауэ абы къыдэкIуэу еджакIуэм и лэжьэкIэм егъэджакIуэм и нэIэ тетуи зригъэсэн хуейщ. НэгъуэщI лэжьыгъэу ебгъэкIуэкI хъунущ, фIымрэ Iеймрэ ехьэлIа псалъэхэр ебгъэгуэшын щхьэкIэ дамыгъэ «+» «-» ептрэ, абыхэм я лъабжьэм зи гугъу тщIа щапхъэхэм хуэдэхэр ятхыжыну. Псалъэхэр къызэрыIэрыхьэм хуэмыдэу, атIэ фIым къыпэув Iейр итхыжу гъэлэжьапхъэщ.

Мыбдежым жыIапхъэщ: пэщIэдзэ классхэм щеджэ цIыкIухэм нэхъыбэу ягъэзащIэргупурэкъэхутэныгъэегъэкIуэкIыныргщ. Къэхутэныгъэ лэжьыгъэм хэтыну цIыху бжыгъэр зы къупхъэ гуэрым итын хуейкъым. Ар тIум къыщыщIэдзауэ 3 - 4-м нэсми хъунущ, программэм сыхьэт бжыгъэ кърито елъытауэ. Ауэ гупыр егъэлеяуэ ин пщIы хъунукъым, зыгуэрхэр мылажьэу зыщхьэпрагъэхынущ.

Къэхутэныгъэхэр урокми классщIыб дерсхэми щебгъэкIуэкI хъунущ. Урокым къэхутэныгъэ лэжьыгъэм и темэр къыщащIа нэужь, бубзыху хъуну бгъэдыхьэкIэхэр еджакIуэхэм езыхэм къагъэлъагъуэ. Къэхутэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыфI дыдэмкIэ зэхьэзэхуэ пщIыми хъунущ: темэр нэхъ зэпкърыха зэрыхъуамкIэ, купщIэмкIэ, зэрыгъэщIэрэщIамкIэ, лэжьыгъэр пхыгъэкIа зэрыхъуамкIэ. Лэжьыгъэ нэхъыбэр унэм щагъэзэщIэну, нагъэсыжыну ират икIи абы зэман кIэщI дыдэ мыхъуу зы тхьэмахуэм щыщIэдзауэ тхьэмахуищым нэс хуэбгъэлъагъуэ хъунущ (ар зэлъытар еджакIуэм е еджакIуэхэм я зэфIэкIыр здынэсырщ). Мыбдеж нэхъыщхьэ дыдэу щытыр еджакIуэр егъэджакIуэм и дэIэпыкъуэгъу щыхуэныкъуэ зэманыр блэмыгъэкIынырщ, абы чэнджэщкIэ еджакIуэхэм я къэхутэныгъэ лэжьыгъэр зэригъэкIуэнырщ, апхуэдэурэ я лэжьыгъэр и кIэм нагъэсыху и нэIэ тетын хуейщ. КIэух урокым гупым хэтахэм я къэхутэныгъэхэм къызыхуишахэм щытопсэлъыхьыж, я творческэ лэжьыгъэхэр щыпхагъэкI.

Гуп гъэзэщIэкIэм хуэм-хуэмурэ сабийхэр къэхутэныгъэ лэжьыгъэм хешэ. Абы къыкIэлъыкIуэ Iыхьэу егъэкIуэкIыпхъэщ щхьэзакъуэ лэжьыгъэр. Абы 2-нэ классым щыщIэбдзэ хъунущ. Дауи, уи гуапэ мыхъуу къанэркъым, еджакIуэ языхэзхэми щхьэзакъуэ лэжьыгъэм 5 - 6-нэ классхэм щегъэжьауэ зэфIэкI кууу къызэрагъэлъагъуэр. Апхуэдэу щыщыткIэ, еджакIуэ къыхэжаныкIхэр щхьэзакъуэ лэжьыгъэм бгъэдэпшэну къозэгъ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы зыщауужьын хуей пIалъэр пIэщIэкIмэ, адэкIэ хамыгъахъуэу къэнэнри хэлъщ.

ЕджакIуэхэм къэхутэныгъэ и лъэныкъуэкIэ я зэфIэкIыр IупщI пщIын щхьэкIэ, щIэх-щIэхыурэ зэхэгъэкIын хуейщ апхуэдэ лэжьыгъэмкIэ абыхэм къагурыIуэм зэрыхагъэхъуэр.

Къэхутэныгъэ лэжьыгъэ темэу сабийхэм епт хъуну щапхъэхэм щыщщ:

1. Унагъуэ псэущхьэ.
2. ФIыуэ слъагъу псэущхьэ.
3. Узыншагъэ.
4. Ныбжьэгъугъэ.
5. ФIымрэ Iеймрэ.

Къэхутэныгъэ лэжьыгъэр илъэс псом ирагъэкIуэкIыну тебухуэ мэхъу. Псом япэ зэрылэжьэну план я гъусэу зэхэгъэувапхъэщ.

Нобэрей педагогикэм къэхутэныгъэ егъэджэкIэр Iыхьищу егуэш:

1. Лэжьыгъэм еджакIуэ нэхъыбэ къыхэшэныр икIи мы Iыхьэм деж темэхэр зэмыщхь щхьэкIэ тыншхэщ. Мыбдежым егъэджакIуэр зэплъын хуейр сабийм игъэзащIэ темэм ехьэлIауэ сыт щыIэми зэрызэхуихьэсарщ. Мы лэжьыгъэм нэхърэ нэхъыбэ зыхуэмыщIын ику ит классхэм къыщынэмыщIа, класс нэхъыжьхэми къыхэкIынкIэ мэхъу.

2. Мы Iыхьэм еджакIуэм къигъэсэбэпын литературэ къызэригъуэтам имызакъуэу, Iэмал имыIэу, иджыри практикэ и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэ ирищIылIэн хуейщ. Псалъэм папщIэ, ар къуажэм хъыбар, уэрэд, сыт хуэдэхэр шызэхуихьэсу, итхыжу дэтынкIи хъунщ. Е, махуэм и кIуэцIкIэ зы цIыхум е тIум мыадыгэ псалъэу дапщэ къагъэсэбэпми итхыу.

3. Ещанэ Iыхьэм деж егъэджакIуэри еджакIуэри фIыуэ хэлэжьыхьын хуейщ. Мыбдеж мыхьэнэ зэриIэмрэ практикэм и деж къыщыбгъэсэбэп зэрыхъунумрэ я закъуэкъым хэтын хуейр, атIэ лэжьыгъэм щIэ гуэри хэлъын хуейщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ лэжьыгъэм ар зыщIам и еплъыкIэ, къызэщIэзыкъуэж Iыхьэхэр хэтын хуейщ.



Дэ едгъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэмрэ кIэлъыплъыныгъэхэмрэ къызэрагъэлъэгъуамкIэ, мы темэм ехьэлIауэ адыгэ сабийм я бзэм зыужьыныгъэ егъэгъуэтынымкIэ къэгъэсэбэпыпхъэу щыIэр мащIэ дыдэщ. Ауэ а мащIэри ФГОС жыпхъэм иту гъэхьэзыра хъуащ. Темэхэр еджакIуэм я пащхьэ нэхъ гъэщIэгъуэну иплъхьэ зэрыхъуну еплъыкIэхэм, текст, лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэм нэмыщI, мыбыхэм къыщыхьащ еджакIуэр зыхэпшэ хъуну интернет напэкIуэцIхэр: адыгэбзэмрэ а напэкIуэцIхэм итымрэ зэпыщIа зэрыхъуну щIыкIэхэр, абыхэм ещIылIэн хуей лэжьыгъэхэр.

БгъэдыхьэкIэщIэ щыIэхэр куэду нэхъ гъэщIэгъуэн ящI электрон тхылъхэм. ЕгъэджакIуэр я мыгъусэу езыр-езыру зыкъызэрапщытэжыфын Iэмалщ апхуэдэ тхылъхэр. Абы и мызакъуэу, джэгукIэкIэ гъэнщIа тхылъхэм сабийр зыIэпишэнущ. Адыгэбзэмрэ электрон джэгукIэхэмрэ зэпыпщIэ зэрыхъунур зылъагъу сабийм ахэр щIэщыгъуэ щохъу.

Iуэхугъуэхэр зэпкърытхыурэ мыпхуэдэ гупсысэхэм дыкъыхуашащ:

1. Бзэмрэ психолингвистикэмрэ зэгъусэу, зэпэплъытэурэ сабийр иумыгъаджэмэ, щIэныгъэ егъэгъуэтаи, бзэм зегъэужьаи хъунукъым. ЕджакIуэм и ныбжьым езэгъын текст бгъэдэдмылъхьэмэ, Iуэху мыщхьэпэхэр къишэнущ:

а) еджэнкIэ япэ ища сабийм адэкIэ зыужьыпIэ игъуэтынукъым, текстхэр, лэжьыгъэхэр тыншыщэу щытмэ;

б) еджакIуэм фIэгъэщIэгъуэн хъунукъым икIи зыужьыныгъэ игъуэтынукъым, зэлэжь текстхэр гугъуIуэу щытмэ.

ПэщIэдзэ классым къэкIуа сабийм интернетым, радиом, телевиденэм (радиомрэ телевиденэмрэ ехьэлIауэ зи гугъу тщIыр литературэ псэлъэкIэм темыт нэтынхэрщ), уэрамым щызекIуэ бзэхэм фIыуэ абы и псэлъэкIэр зэхикъутауэ дрохьэлIэ. Дауи, гугъущ апхуэдизу сабийр къэзыухъуреихь псом егъэджакIуэр пэщIэтыныр. Мыбдежым баштекъузэкIэ Iуэхур зэфIэха хъунукъым, атIэ сабийр нэхъ дэзыхьэхын IэмалхэмкIэ и бзэм зыужьыныгъэ еттын хуейщ. ЕгъэджакIуэр урокым щIыхьэрэ тхылъым итыр къырыригъэтхыкIкIэ е художественнэ тхыгъэ итым къригъаджэкIэрэ Iуэхур кIуэтэнукъым.

ПэщIэдзэ классхэм щIэсхэм я бзэм зиужьын щхьэкIэ, тхылъым и закъуэ мыхъуу, технологиещIэхэр хэгъэхьэн хуейщ: джэгукIэхэр, псалъэзэблэдзхэр, компьютер, интернет, телефон, аудио-, видеонэтын гъэщIэгъуэнхэр.

Сыт хуэдэ предметми хуэдэу, адыгэбзэ урокхэми бгъэдыхьэкIэщIэ щыIэхэр къыщыбгъэсэбэпыну къозэгъ. Ар ди тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу щытащ ди къэхутэныгъэм къагъэлъэгъуахэр къыщызэщIэткъуэжым:

1. Къэхутэныгъэ бгъэдыхьэкIэр сыт хуэдэ классми къыщыгъэсэбэпын, псом хуэмыдэу, класс нэхъыжьхэм щIэсхэм я деж;

2. Текстхэр Iуэхугъуэ, темэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIауэ щытын хуейщ. Темэхэр щагуригъаIуэкIэ, егъэджакIуэр сабийхэм балигъ еплъыкIэкIэ къыхуеплъыхын хуейкъым, атIэ а ныбжьым ит сабийм къазэрыгурыIуэн мардэм иту къыхихын хуейщ. Абы къикIыркъым текстхэр къызэрыгуэкI дыдэу щытын хуейуэ. Мыбы еплъыкIэкIэ стилистикэ и лъэныкъуэкIэ текст зэджэр, зытепсэлъыхьыр зэхигъэкIыфыныр;

3. ПсынщIэу зызыужь гъащIэм къыкIэрымыхун хуэдэхэу, политикэ, обществэ, философие, техникэ сыт хуэдэхэм ехьэлIа терминхэр хуэмурэ къагурыгъэIуэн хуейщ. Апхуэдэу зыхузэфIэкIынур, дауи, сыт щыгъуи зи зэфIэкIым, къэухьым хэзыгъахъуэ егъэджакIуэрщ;

4. Псалъэжьхэр, жыIэгъуэхэр хуиту къигъэсэбэпыфын щхьэкIэ, лъэпкъ IуэрыIуатэм фIыуэ щыгъуазэ щIын хуейщ. Ахэр гъащIэм зыщрихьэлIэ Iуэхугъуэхэм хуихьыфу къэтэджын щхьэкIэ;

5. КIэщIу е кIыхьу щыпсэлъэн хуейм деж, гугъу емыхьу и псэлъэкIэм зригъэхъуэжыфу щытын щхьэкIэ, проблемэу щыт Iуэхугъуэхэр къыхуэIэтын хуейщ;

6. Монолог, диалогхэр иригъэкIуэкIыфу щытын щхьэкIэ, щIэх-щIэхыурэ утыкур къылъыгъэсын хуейщ. Псалъэм папщIэ, гуфIэгъуэ Iэнэм щыс хуэдэхэу, хъуэхъу зэхебгъалъхьэу жебгъэIэ хъунущ;

7. ДжэгукIэхэм къищынэмыщIауэ, литературэ зыхуеинумкIэ егъэджакIуэр дэIэпыкъуурэ езы сабийм къэпсэлъэныгъэхэр егъэгъэхьэзырын хуейщ.

*Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ дерсхэм я мыхьэнэм хэгъэхъуэнымкIэ, анэдэлъхубзэм и пщIэр, и IэфIыр щIэблэм гурэ псэкIэ зыхегъэщIэнымкIэ сэбэп хъу Iуэху еплъыкIэщ ди щIэджыкIакIуэхэм нобэ фи пащхьэ итлъхьар. КъызэрытщыхъумкIэ, филологие, педагогикэ IэщIагъэхэм хуеджэхэм, егъэджакIуэхэм я деж кIэ ахэр сэбэпышхуэ икIи щIэгъэкъуэн хъунущ.*

*Зыгъэхьэзырар*
**ТАМБИЙ Линэщ.**




# Хьэрун дадэрэ ТIалэрэ

Хьэрун дадэрэ ТIалэ цIыкIурэ зэбгъэдэсу удзыпцIэм хэсщ. ТIалэ и нэхэр зыгуэрым топлъызэ. Гъунэгъу дыдэу къыщыт удз гъэгъа плъыжь дахэр къречри, дадэ хуеший:

- Сыт мыбы зэреджэр, дадэ?

- Мыри? - и нэр щIеукъуанцIэ Хьэрун. - Мыр, тIасэ, губгъуэ IущхьэщI.

- Iущхьи? - погуфIыкI ТIалэ. ГъэщIэгъуэнщ...

- Сыт гъэщIэгъуэныр? - пэгъымпэгъыму щIоупщIэ Хьэрун.

- КъэкIыгъэхэм я цIэхэр... Пэжкъэ, дадэ?

- Пэжщ, тIасэ, - Хьэрун и Iэ пхъашэр щабэу ТIалэ и щхьэм делъэ. – Ди щIыпIэм къыщымыкI щыIэкъым.

- Сэри Iэджэм я цIэр сощIэ. Пэжкъэ, дадэ?

- Уэ улIкъэ, зиунагъуэрэ!

Хьэрун щIакIуэм зыкъытреIэтыкI. ЗоIэбэкIри, япэу къыIэрыхьа удз псыгъуэр, гъашэ цIыкIунитIэ зыщхьэщытыр, кърeч.

- Деплъынти, уи щIэныгъэр здынэсым. Мыр сыт?

- Ари? - егъэщIагъуэ ТIалэ. - Ар уэ пщIэркъэ, дадэ? ТхьэкIумэкIыхьудзщ.

Хьэрун арэзыуэ и щхьэр ещI, и пIэм имыкIыу нэгъуэщI удз гуэри кърeч.

- БажэкIэщ! - гуфIэу къыхокIиикI ТIалэ.

- Пэжщ, - и пащIэкIэ щIогуфIыкI Хьэрун. - Мыр - щэ?

Абы и Iэгум ильщ удз гуэр, «лъынтхуэ» цIыкIухэр Iупщ1у къыхэщу.

- Тхьэрыкъуэфщ, - жеIэ ТIалэ, темыгушхуащэу.

Хьэрун и щхьэр егъэкIэрахъуэ:

- Хьэуэ, тIасэ, фIарий тхьэмпэщ. УIэгъэм тралъхьэ, игъэхъужуи жаIэ. МодэкIэ къыщыт гъэгъа фагъуэ цIыкIухэр пцIыхуркъэ?

- Мохэри? - и дамэхэр хегъэлъэт ТIалэ, а гъэгъа цIыкIухэм иджыри къэс гу зэрылъимытар игъэщIэгъуэжу. - Сыт-тIэ, дадэ, абыхэм зэреджэр?

- Ашэмыхъэщ, - и щхьэр ещI Хьэрун. - Абыи хъыбар иIэщ...

- Дадэ, уа, дадэ, мы ди хъупIэм апхуэдизу дахэу удз куэд щхьэ къыщыкIрэ?

- Ар къызыхэкIри? - Хьэрун и натIэбгъум йотIэхъу. И нэр къогуфIыкI. - Ар, тIасэ, Ашэмэз и фIыщIэщ... БжесIатэкъэ абы и бжьамий телъыджэм и хъыбар?

- НтIэ, нтIэ, - зэкIэлъегъэпIащIэ ТIалэ. - Абы кIапитI иIэт: зыр хужьу, адрейр фIыцIэу... Пэжтэкъэ, дадэ?

- Мис а бжьамийм и кIапэ хужьымкIэ епщэурэ, ди щIыналъэр IэщкIи къэкIыгъэкIи тхуигъэбэгъуащ...

Хьэрун погуфIыкI. МэгуфIэ ТIали. Сыту гуапэ акъужь щIыIэтыIэр! Сыту дахэ губгъуэхэри, мэзхэри, бгыжьхэри! ... УзэщIэдэIукIмэ, къыпфIощI дуней щIэращIэм бжьамий телъыджэ гуэр щэху дыдэу къыщыджэу.

ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбий.



# Бажэмрэ уашхэмрэ



Бажэмрэ уашхэмрэ зэгурыIуэри, къагъуэтыр зэдашхыну хуежьат. КIуэм-лъэм, лъэм-кIуэуэрэ, мащIэрэ кIуа, куэдрэ кIуа, хьэлIамэ къэлътмакъ къагъуэташ.

Бажэм жеIэ:

- Иджы мыр дауэ тщIын? Хьэ хуэдэу тшхынкъым, уарэзымэ, хабзэкIэ тшхынщ.

- АтIэ, унафэ щIы! - жиIащ уашхэм.

Бажэм зигъэину:

- Сэ унафэ сщIымэ, си унафэр мыращ. Ди гъащIэр къызэхуэдбжынщи, нэхъыжьым едгъэшхынщ.

Уашхэм:

- КъыжыIэ-тIэ уи ныбжьыр.

Бажэм зигъэбэлыхьу:

- Сэ жысIэмэ, уэ жыпIэн бгъуэтыжынкъым.

Уашхэм, гупсысэри:

- Дунейр щымыджэмыпцIэу щIылъэр щызэпцIагъащIэм сыкъалъхуащ.

Бажэр къыщиудри, къэгъащ.

- Щхьэ угърэ? - щIэупщIащ уашхэр.

Бажэм зигъэнэщхъеифэу:

- Абы щыгъуэ дунейм ехыжа си къуэ закъуэр сигу къэкIыжащи, аращ.

ХьэлIамэ къэлътмакъыр бажэм лъысри, ишхащ. Я гъуэгум пащэжри, кIуэм-лъэм, лъэм-кIуэуэрэ, мащIэрэ кIуа, куэдрэ кIуа, гъуэгум телъу мэл лIа къагъуэташ.

- Мыри дауэ тщIыну? - щIэупщIащ уашхэр.

ХьэлIамэ къэлътмакъыр зышха къудей бажэм зэкIэ мэлри абы дигъэкIуэфынутэкъыми, гупсысэри жиIащ:

- Дыжеинщи, нэхъ пщIыхьэпIэфI зылъагъум мэлыр ишхынщ.

АбыкIэ зэгурыIуэри, жеину гъуэлъахэщ. Зи ныбэ из бажэр зэуэ Iурихащ. Уашхэ мэжалIэр мыжеифу къэтэджщ, мэлыр ишхри, бажэм бгъурыгъуэлъхьэжащ. Зы тэлай дэкIауэ бажэр къызэщыури, уашхэри къигъэушащ.

- ИIэт, уашхэ, къызжеIэжыт пщIыхьэпIэ плъэгъуар.

- НетIэ сэ япэу жысIащ, иджы чэзур ууейщ, - жиIащ уашхэм.

Бажэм кърригъэжьащ:

- ЦIыху сыхъуауэ хъаным сримэлыхъуэу, хъаным ипхъу дахэр си щхьэгъусэу, мэрэмэжьейр ди пэрыхьэтрэ схузэбламых шхыныгъуи щымыIэу сепщIыхьащ.

- Пэжщ жыпIэр, бажэ. Сэри слъэгъуащ а пщIыхьэпIэр. Мо фIыгъуэ къомым ухэсу щыслъагъум, уэлэхьи, мыпхуэдизыр зиIэм мэл псэхэлIэжь цIыкIу пхуэзэримыпэсыжын жысIэри, сыкъэтэджри, мэлыр сшхыжащ, - жиIащ уашхэм.

Бажэм ищIар къращIэжауэ арати, зыри пимыдзыжыфу, нэщхъейуэ щакIуэ мэзым хыхьэжащ.

*Зытхыжар*
**КIУРАШЫН БетIалщ.**

# Бжьэ

ЦIыкIухэ, псоми фоцIыху бжьэр. ФощIэ, абы фо зэрищIыр. Абы теухуауэ иджыри гъэщIэгъуэн фщыхъун куэд щыIэщ:

- бжьэм нитху иIэщ: ину тIу, нэхъ цIыкIуу щы. И нэхэм пшагъуэу фIэкIа ямылъагъуми, ахэр куэду зэриIэр сэбэп къыхуохъуж, зыхуейр къыхалъагъукIыф;

- бжьэм и нэхэм плъыжь ялъагъуркъым, атIэ ар фIыцIэу къыщохъу. Абы фIэфIщ удзыфэр, щIыхур, гъуэжьыр. А плъыфэхэр зиIэ удз гъэгъахэмкIэ нэхъ ерыщщ;

- шынагъуэ къэблагъэр зыхэщIэнымкIэ псэущхьэхэм ящыщу хьэр Iэзэу къалъытэ. Бжьэр абыи токIуэж;

- хьэм нэгъуэщIкIи йофIэкI бжьэр. Мэ къыщIезыгъэхьэ рецептору хьэм 300 хуэдиз иIэщ. Бжьэр нэхъ лъэщыжщ. Абы километр бжыгъэкIэ зыпэIэщIэ гъэгъам и мэр къыщIехьэф;

- бжьаIуэ щхьэхуэм фо къадыгъуну ящымыщ бжьэ къакIуэмэ, хамэр занщIэу къацIыхури, зыхагъэхьэркъым. Къаухъуреихьри, фэбжь ирадз: и дамэхэр яуIэ, и лъакъуэхэр щIауд;

- бжьэ шэрэзым и папцIапIэр къэгъэша щIыкIэщ. Бжьэр цIыхум еуа нэужь, зэуам и шэрэзыр къыхухэмычыжурэ, и къарур мэкIуэщIри, абы йолIыкIыж;

- фо килограмм зэхуихьэсын папщIэ, бжьэр тотIысхьэ гъэгъа мелуани 10 хуэдизым;

- фо куэду къызыпыкIын гъэгъа губгъуэ зэрырихьэлIэу, бжьэм бжьаIуэм къегъэзэжри, адрейхэми хъыбар ярегъащIэ. КъафэбзэкIэ ягурегъаIуэ ар: бжьэ матэм щхьэщолъатэри, и ныбэр игъэхъейуэрэ, нашэкъашэ зищIурэ къофэ. УкIэлъыплъыIуэмэ, бжьэм и къафэм къыхэплъагъукIыфынущ 8 бжыгъэр. КъыщыфэкIэ ищI къэгъэшыкIэхэмкIэ бжьэ-хъыбарегъащIэм къегъэлъагъуэ здаунэтIыну лъэныкъуэр;

- бжьэм фо зэрищIым къищынэмыщIауэ, ар икIи сэбэпщ гъэгъахэр ушэсынымкIэ.

Бжьэм теухуауэ щIэныгъэ щхьэхуэ щыIэщ. Абы «апиологиекIэ» йоджэ.

НАФIЭДЗ Мухьэмэд.





# Псэущхьэхэр зыхэт къуажэхьхэр

**И хэщIапIэр шэд псыIуфэщ,**
**МапкIэ-малъэ, дэни нос,**
**И щыгъынри удзыфэщ,**
**И нэр пIащэщ, Iэзэу йос.**
*(Хьэндыркъуакъуэ.)*

**И инагъкIэ хъуркъым бжьиз,**
**Елъэф хьэлъэ - къэб хуэдиз.**
*(ХъумпIэцIэдж.)*

**Ар къоушыр псом нэхъапэ,**
**ИмытхьэщI абы и напэр,**
**Къытоувэри лъагапIэм,**
**Пщэдджыжь къэскIэ ину маIуэ!**
*(Адакъэ.)*

**Сыбгъэдохьэ абы щэхуу,**
**СыщыIэбэм – мэлъэтэж.**
**КъызохуэкI, зызмыгъэпсэхуу,**
**СимыIэжми гукъыдэж.**
*(Хьэндырабгъуэ.)*

**И ныбжьэгъукъым ар дыгъуакIуэм,**
**Ягъэшынэу щIэмыпхъуэж.**
**Хейм и телъхьэщ, и хъумакIуэщ,**
**Егъэз дзыхьри егъэпэж.**
*(Хьэ.)*

**Бжьакъуэ папцIэщ, жьакIэ кIыхьщ,**
**Iэщу дэтым я пащтыхьщ.**
**Шы мыгъасэу къелъэтыхь,**
**Хадэ утэщ, сыт бэлыхь.**
*(Ажэ.)*

БАТЫР Мухьэрбий.

# ТкIуэпс къафэхэр

IэрыкIгъэжахэр (скульптурэ) къыхащIыкI мывэм, ятIэм, сэху мывэм, гъущIым, пхъэм, пшахъуэм, мылым, нэгъуэщIхэми... Усурэттехрэ уIэрыкIгъэжмэ-щэ?! Абы щыгъуэм псыми, Iугъуэми, дагъэ лэч зэмыфэгъухэми телъыджэ къыхыбощIыкI. Норвегием щыщ сурэттех Iэзэ Торнес Ронни апхуэдэ IэрыкIгъэжа хьэлэмэтхэр къохъулIэ. И щэху нэхъыщхьэр и гупсысэр зэрыкуумрэ хуабжьагъ егъэлея зиIэ сурэттехымрэщ. Псым къыхищIыкI скульптурэ зэмыфэгъухэр къофэ! Абы триха сурэт скульптурэхэм уеплъмэ, «фотошоп» ищIауэ къыпфIэщIынкIи хъунщ, ауэ сурэттехым и удыгъэр и Iэзагъырщ.

ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.



# Псалъэзэблэдз



**Жэуапхэр:**
***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Къэб; **3**. Балыджэ; **5**. Нартыху; **6**. Шыбжий; **8**. Къэбыстэ; **9**. Наща.
***Къехыу:*** **2**. Бжьын; **3**. Бжьыныху; **4**. Джэш; **7**. Жэгундэ; **10**. Кlартоф.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**



**Гъэмахуэмрэ пщащэхэмрэ.**
*Сурэтым:* **Тэнащхэ Данизэрэ Iэминэрэ.**

# И усэхэм сабийхэр щогуфIыкI

***Угъэсак1уэрэ уусакIуэпсэмэ, цIыкIухэм анэдэлъхубзэр фIыуэ егъэлъагъуным нэхъ уполъэщ. Щхьэлыкъуэ и сабий сад №1-м и гъэсакIуэщ адыгэбзэкIэ сабий усэхэр зытх Куэшмэн Жаннэ. И IэдакъэщIэкIхэр и гъэсэн цIыкIухэм гукIэ зэрагъащIэ, зэпадзыж, махуэшхуэхэр щагъэлъапIэкIэ сабий садым щыжаIэ. Жаннэ и усэ цIыкIухэр газети журнали тетакъым. Нобэ абыхэм ящыщ фыкъедгъэджэнщ.***

## Анэ

**Мамэ, розэу гъагъэ,**
**Дыгъэу къысхущIэкI.**
**Мамэ, нуру схуэблэ,**
**Уи гу хуабэр къызэшэкI.**

**КъысхуэгуфIэм мамэ,**
**Щхьэфэм Iэ къыдилъэм,**
**Сохъур сэ жыIэщIэ,**
**Дунейр мэщIэращIэ.**

## Бжьыхьэ

**Бжьыхьэ дахэр**
**къытхуэкIуащ,**
**Тхьэмпэ цIыкIухэр ириIащ.**
**Дыгъэр пшэхэм**
**къыпхроплъ,**
**Бзу лъэтэжхэм якIэлъоплъ.**

**Дыгъэ цIыкIур кIащхъэ**
**хъуащ,**
**Тхьэмпэр мэзым**
**щыщхъыщхъащ.**
**Ахэр жьыбгъэм кърехьэкI,**
**Мэз дыщафэр щIожеикI.**

**Уэшхым жьауэр игуэшащ,**
**Губгъуэм, мэзым яритащ.**
**Пшагъуэм бгым**
**зришэкIащ,**
**Дунеишхуэр щым**
**къэхъуащ.**

**Уэшхым щIылъэр**
**иуфэнщIащ,**
**Ди хьэ цIыкIуми**
**къытешхащ,**
**КъакIуэ, куэщIым**
**уизгъэсынщ,**
**Угъущыжмэ, дыджэгунщ.**

## Гъэмахуэ

**Мы гъэмахуэм цIыкIухэр**
**ЕщI лъакъуэмцIэрышэ.**
**Хьэблэ сабийр дыгъэм**
**ПсыхъуэмкIэ ныдешэ.**

**Удз гъэгъа**
**Iэрамэхэр**
**Губгъуэм къыщырач.**
**Тутей жыг къудамэхэм**
**Пысу зыкърах.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (унафэщI-редактор), **Ширдий Маринэ** (унафэщI-редактор), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI 12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Мэлбахъуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.039 ● Заказ №1303